# Sinar Pasoendan

Di recteur Administrateur ALI RATMAN

## DAGBLAD SOENDA OEMOEM

Hoofdredacteur I. DJAJAKOESOEMA

Kantoor Dir.- Red.- & Adm. Oude Kerkhofweg 16 Bandoeng — Dikaloearkeun koe Uitg. Sinar Pasoendan di Bandoeng — Typ Druk. Economy Bandoeng

Salasa 29 Januari 1935, 23-Sawal 1353,

Pangaos langganan f 1,50 sasasih — Advertentie tiasa badanten sareng Adm.

Agent di Europa: Publiciteitskantoor „DE GLOBE" N.Z. Kolk 19 — Amsterdam

Agent di Indonesia Publiciteitskantoor „DE GLOBE" Ryswykstraat 7B — Batavia-Centrum

No 22. Taoen ka 3. Kaloear 1½ Lambar





## Tjiamis

### Pitrah djadi tjarita.

Sanadjan lebaran geus lekasan oge, tapi pitrah di onderdistrict Kawali mah masih djadi tjarita.

Tjek noe mere bedja, Lebe-Lebe di onderdistrict Kawali meh oenggal powe didatangan koe pongga wa Kaoem, soepaja boeroe-boeroe ator pitrah sarta njoemponan kana djoemlahna, anoe geus ditetepkeun koe kaoem.

Hal ieu tangtoe djadi kabeuratan Lebe-Lebe, sabab beubeunangan pitrah dina oesoem tigerat kieu mah henteu bisa njoemponan pamentana Kaoem.

Matak karoenja ka Lebe anoe borangan mah, nepi ka ngadjoeal bandana dipake njotjokan pitrah.

Geus sapantesna sanadjan pihak B.B. tina ieu perkara teh netral, tapi lamoen ngingetkeun kasoesahna Lebe teh henteu leutik, moega noe wadjib kersa tjampoer tangan, nangtajoengan Lebe-Lebe di Kawali.

—

### Barak anjar.

Toemali djeung di onderdistrict Panoembangan, beuki dieu panjakit pest katendjona beuki madjoe bae, ajeuna noe wadjib geus bisa ngajakeun barak tempatna di tandjakan Tjinangka.

Djadi ti ajeuna mah, oepama aja oerang Panoembangan contact persoon teh henteu koedoe di ka Pandjaloekeun, sabab di Panoembangan oge geus sadia.

—

### Oentoeng ladang onggok.

Dina ieu s.k. geus remen dibedjakeun jen onggok teh katjida lakoena.

Toemali djeung madjoena harga onggok, fabriek - fabriek sampeu sigana henteu saeutik narik kaoentoenganana, saperti fabriek sampeu di Tjiwalen, tjenah geus bisa ngadjoeal onggok katjiba lobana, nepi ka ladangna nampa f 1500.

Bisa djadi ieu lain ladang onggok anjar bae, tapi onggok noe geus aja boelanna atawa taoenna ditjampoerkeun djeung onggok anjar.

Batoer noe narik oentoengna, bangsa oerang noe eueuleugeugan neureujan hampas sampeu.

—

### Atoeran Woning Inspectie.

Noeroetkeun katerangan, anjar keneh sawatara imah di kampoeng Wanasigra Tjikoneng, imah-imah anoe geus rampoeng geus dipariksa koe achlina (Woning Inspectie).

Dina eta papariksaan teh diantarana aja noe ditjawad sarta koedoe didangdanan deui, padahal pangna ngadjalankeun gawe kitoe teh tjenah parentah Mantri.

Hal ieu tangtoe matak ngabingoengkeun somah anoe baroga kapentingan, sabab parentahna tjatjag nangkaeun.

—

### Malaria di Tjiamis.

Malaria di Tjiamis beuki hebat bae. Katjida reana djalma anoe moeriang. Handjakal panaloengtikan ti noe wadjib henteu sakoemaha diperloekeunana, boektina djalma noe garering kapaksa koedoe goepoej-gapaj sorangan neangan oebar.

Hal ieu katjida perloena anoe wadjib kersa maparin tablet ka Koewoe-Koewoe kalawan satjoekoepna, sateroesna bisa dibagikeun ka somah noe garering.

Bilih ieu toelisan disangka akon akon, tiasa diboektikeun ka desa-desa.

Perloe ditioeng memeh hoedjan!

—

### Panjakit pest.

Ajana ieu panjaktt pest teh geus lawas pisan. Di wewengkon Tjiamis nepi ka ajeuna teu aja eureunna.

Kamari geus deg deui djrg. Djoehri Natamihardja Soekadjadi disabet koe longpest. Teu mangkoek 3 powe aja 12 djiwa anoe diasoepkeun ka barak.

Sanadjan ajeuna Woning verbetering meh rampoeng, tapi pest mah dengdeng bae.

—

### Djoeragan Rachmat Wiratanoemadja.

Djenengan anoe kasebat bieu teh, keu oerang Tjiamis mah moal aja noe bireuk deui, andjeunna geus aja taoenna tjepeng kapangkatan Mantri politie di Tjiamis kalawan beres rowes henteu aja koetjiwana.

Ajeuna andjeunna diangkat kana Assistent Wadana onderdistrict Tjipakoe (Boeniseuri) Tjiamis.

Koe diangkatna kana A.W. meh sakoemna publiek Tjiamis pada nganoehoenkeun, tapi sabalikna koe ngantoenna kota Tjiamis, rahajat di Tjiamis pada nineung, sabab dina enggoning andjeunna djadi Mantri Politie di Tjiamis, karasa koe sarerea kasaeanana.

Moega moega di tempat enggal, djrg. Mantri Politie sareng sapoetra garwana patepang sareng ginandjar kawiloedjengan.

Wiloedjeng angkat!

—

### Djalan Tjiamis—Kawali.

Ieu djalan teh ditjekelna koe Provincie, tapi edas kaajaanana djaoeh tina disebat hade. Asphalina geus lalegok, nepi ka sapandjang djalan karasa djlagdjligdjloeg.

Noe keur bobot mah oelah pa nganggoeran nganggo djalan Kawali—Tjiamis margi bisi kaoedal.

—

### Gantina djrg. Mantri Politie

Toemali djeung djrg. Rachmat Wiratánoemadja Mantri Politie Tjiamis diangkat kana Assistent Wedana Tjipakoe, ajeuna gentosna A.I.B. ti Kaboepaten Tasikmalaja.

Moega moega sing katoeroet koe rahajat saperti djoeragan M. P. noe ngalih.

—

### Korban Woning verbetering.

Powe mangkoekna waktoe salah sahidji Mantri Woning verbetering keur mariksa adegan boemina Wijkmeester di Tjiamis, waktoe andjeunna keur tataekan dina soehoenan, geus ngadadak ragrag sarta ripoeh oge.

Harita keneh djrg. Mantri dipapasang dikana sadokeun sarta dibawa ka roemah sakit.

Aja-aja bae!

—

### Oesoem bangsat?

Ti sanggeusna lebaran di wewengkon onderdistrict Tjikoneng ngadak ngadak rea noe kapalingan. Geura ieu di handap oerang berendelkeun:

Balongna Hadji Sambas, Djarkasih (Lebe Tjikoneng) geus aja noe ngabedahkeun, sarta njokotna laoek dipilih noe galedena.

Dina tanggal 19-20-'35 balongna Soekarja, Boe Aswi, Asmadi djeung Soekatma di kampoeng Bakom geus aja noe ngabedahkeun.

Laoekna Soekarja geus diantjokkeun rek dipake hadjat, atoeh njamos.

Dina malem Salasa kamari geus pek deui bae balongna Astawidjaja di kampoeng Bakom keneh geus aja noe ngabedahkeun, anoe dipaokna ngan woengkoel laoek noe galedena bae.

Dina powe Rebo kamari, politie geus nahan ngaran Rasidjan.

Moega - moega sing meunang katerangan anoe tetela.


BOEKOE 100 DO'A

Pangaosna f 0.20 tiasa pesen ka Drukkerij „Economy" Bandoeng


## Tasikmalaja

### „Pareng drank".

Bijkantoor Sinar-Pasoendan Tasikmalaja parantos nampi recentie obat „Pareng drank" ti toko obat „Mahi" Tjiamisweg, seueurna sa-flesch alit. Eta obat memang damelan Toko Mahi toelen. Doepi damelna anggoeun landong influenza, batoek, Cholera, njeri patoeangan etc, pangaosna 1 flesch alit f 0,25.

Nganggona diteteskeun kana sendok alit, teras diboedjeng koe tjiteh. Kanoe bade ngagaraleuh eta „pareng drank" tiasa pesen ka Bijkantoor Sinar-Pasoendan— Tjiamisweg 48—Tasikmalaja.

—

### Maparin terang.

Perkawis ngaran Soeharno oerang Tjiamis, sok aja di Bandjar, noe sok njeboet-njeboet ngiring digawe oeloebioeng ka Bijkantoor Sinar-Pasoendan. Sajaktosna moeng pangakoena bae, da saenjana mah teu aja perhoeboengan naon-naon sareng persoonna Soeharno teh.

—

### Pest beuki maradjalela.

(Loba kadjadian imah karosong lantaran ditaringgalkeun.)

Waktoe-waktoe ieu di bawahan Indihiang panjakit pest keur meudjeuhna ngadjalankeun rolna, nepi ka poeloehan anoe djadi korbanna babakoena noe keur dibantja koe eta panjakit teh di kp. Kadoedampit djeung Talaga, nepi ka loba kadjadian djelema, ninggalkeun pakajana, pindah ka tempat sedjen, njingkiran eta bahaja, nepi ka kapaksa eta lemboer didjaga koe noe wadjib, sabab loba kadjadian imah kosong.

Nja kitoe deui Perkoempoelan Kapapatenan di Sindang Palaj, teu tinggaleun miloe ngadjaga, nja eta saban peuting abring-abringan maratja Koelajoe, noeroetkeun kapertjajaanana, eta atoeran teh kaseboet kana panoelak bahaja.

Koe daekna sabiloeloengan djeung pada batoer, panoelis miloe njoeplak topi, bener koedoe garoejoeb.

Patali djeung maradjalelana eta panjakit publiek lain saeutik anoe ngarep-ngarep kana datangna vaccin Dr. Otten.

Njanggakeun kanoe wadjib!!

—

## Sim koering ngadoni...

„SINPAS"!

Lain sakali, tapi reremenna sim koering ngadonikeun ka andjeun, sarta henteu weleh-weleh mopojankeun, soepaja dina pakalangan bangsa oerang, ngahiroep-hiroepkeun soemangetna — ngahoedang-hoedangkeun energie katoet goodwillna — babakoena pisan dina soeal per'economian.

Hidji tiantarana soember per'economian Indonesia anoe kaitoeng gede hasilna toer beunang oge diseboetkeun bisa njekel monopolie ka sakoeliah doenja, mangka-mangka koe bangsa oerang pribadi lebah dieu teh, sasatna henteu sabaraha djadi perhatian, nja eta tina pasal:

### „Perdagangan kapoek."

Moen noeroetkeun kana Statistiekna, moenggoeh „Java Kapoek" teh, njekel record anoe pangoenggoelna ti sakoeliah boeana.

Hasil ti Java woengkoel dina djero taoen 1933, geus bisa diexport reana nepi ka 21.208.119 KG. — kapoek toelen — noe hartina leuwih 90% tina export doenja. Njakitoe deui sateroesna, dina tiap-tiap taoen djoemblah-djamblehna kapoek Java noe dilever ka Nagara-Nagara loear, henteu sakoemaha gesehna tina eta angka, samalah dina djero taoen 1914 mah nepi ka 94 pCt., djeung dina taoen 1928: 91 pCt.

Oepama oerang ngamana'an soeal kapoek dina harti anoe oemoem, kapoek-kapoek kaloearan ti Java teh, ditjokot gogorengna oge, masih bisa ngaraboet angka rata-ratana 80 pCt. ti saanterona export doenja.

Iwal ti eta, oge ti lemboer matoeh oerang teh, rea ngaloearkeun minjak noe asalna tina siki kapoek djeung boengkilna siki kapoek, anoe dina djero taoen 1932, masing-masingna bisa ngalever 2.167+12.000 ton tina 1000 K.G.

Di lebah dieu, koe oerang tangtoe kawangwang, jen paoesahan kapoek teh, tegesna hidji pereconomian anoe teu kira-kira pentingna, babandingan bae reudjeung perniagaan kalapa — pedes, enz.

Dina djero lima taoen — satoengtoeng Crisis — harga-harga kapoek koengsi oge ngarandapan toenggara.

Pasarna estoe ngalewangkeun— harga-hargana njirorot — henteu koedoe diherankeun, lantaran sakabeh perniagaan oge dina djaman kiwari mah, prah pada-pada njorang kamoendoeran.

Da Java woengkoel, reana onderneming - onderneming kapoek teh, kawasna moal koerang ti 115 tempat; tegesna kontrakan - kontrakan noe make kapitaal Barat.

Dina taoen 1932, Java bisa ngalever 17.000 ton ti saantero export doenja, sedeng sikina woengkoel 15.000 ton netto; mangka - mangka kapoek ti sakoeliah doenja dina sataoen teh djoemblah djamblehna ngan aja 18.000 ton, demi sikina 17.000 ton.

Sabenerna sanadjan aja kadjadian Crisis hebat oge, tetep henteu beunang diseboetkeun moenggoeh export kapoer djadi rosa pisan ngoeranganana.

Noeroetkeun statistiekna lebah dinja mah, tjenah dina 9 boelan awal taoen 1934, ti Java bae geus dikaloearkeun kapoek reana aja 13.591.590. K.G. oge kaitoeng kapoek - kapoek kaloearan ti Madoera. Koe sakitoe teh masih leuwih 1400 ton tina kaajaan taoen 1932.

Henteu bisa dipoengkir, sarehna koe rongkahna malaise tea, karoehan hargana ge njirorot. Koe kitoe tea mah, entong boro harga kapoek, apan harga naon-naon oge djadi ka handap.

Parandene kitoe, ieu paoesahaan tetep djadi hidji paoesahaan doenja anoe penting.

Departement van Economische Zaken, henteu tjitjingeun, samalah di Semarang djeung Soerabaja koengsi diajakeun Conferentie — kapoek, sarta ajeuna geus diadegkeun hidji Bond anoe ngatoer organisatiena soeal kapoek maloeloe.

Pikeun dikalangan Producenten, ieu persarikatan teh, memang djadi mas'alah anoe mangkoebina gede hartina, ngan tjenah masih koerang njoegemakeun, sarehna toekang-toekang melak atawa noe ngabogaan kebon-kebon kapoek lalemboet mah, tatjan bisa kabeungkeut koe eta Bond.

Samboengeun.

—

### Pest di ond. Tjisajong populair deui.

Tjeuk bedja ti anoe beunang dipertjaja, Pest di Tjisajong geus ngamimitian deui. Barak Tasikmalaja ajeuna geus pinoeh koe oerang Tjisajong, samalah oerang Tasik oge salilana kasakit Pest aja keneh mah teu mareunang loenta-lanto indit njaba ka Tjisajong.

Koe ajana ieu kadjadian, naha iraha atoeh soentikan panjegah Pest boeatan Dr. Otten teh rek didjalankeunana di wewengkon R. Raad Tasikmalaja?

Moestahil koe ajana ieu toelisan anoe wadjib henteu kersa ngaboektoskeun!

—

## Garoet

### Leuwih terang loehoengna agama Islam, lamoen matja kitab agama noe lain Islam.

Nganjahokeun kaloehoengan Islam biasana tembong benerna teh, lamoen nendjo noe salah.

Dina djaman koering keur boedak, koering teh koe kolot sina diadjar ngadji di pasantren, dibarengkeun djeung koering disakolakeun.

Dina hidji waktoe di sakola koering aja noe mere boekoe, diseboetna boekoe Indjil, dina eta boekoe loba pisan gambar-gambar saperti gambar Jesoes anoe eukeur dikaniaja, djeung rea-rea deui.

Eta boekoe koe koering dibawa ka tempat pangadjian ditembongkeun ka batoer-batoer koering ngadji, batoer-batoer teh katjida raresepeunana nendjo gambar-gambarna.

Katingalina koe goeroe ngadji koering, katjida koering diseuseulna doemeh mawa eta boekoe ka tempat ngadji, soemawonna koe kolot-kolot koering mah, toeloej eta boekoe dipiwarang didoeroek sarta saoerna, lamoen matja eta boekoe doraka, sarta djadi djelema moertad, diingkarkeun ti djelema Islam, tah sakitoe dongeng koering keur boedak, malah koering ngadenge kitoe teh, lain ti goeroe ngadji koering djeung ti koering bae, tapi kolot-kolot noe sedjen oge noe ngakoe Islam kitoe tjaritana teh.

Tapi, lamoen nengetkeun dina waktoe aja debat di kota Garoet dina ddo. 20 Januari '35, Toean Rahmat Ali Ahmadijah Codian djeung Christen, katjida perloena sakabeh oerang Islam koedoe njaho noe bener - benerna, sarta matja kitabna oerang Christen saperti Indjil Touret djeung Djaboer.

Da geuning waktoe harita noe dipake ngadebat da oerang Christen teh, teu make alesan - alesan tina kitab oerang saperti: Qoer'an djeung Haditz, sabab saoer Toean Rahmat Ali bisi oerang Christen henteu pertjaja djeung henteu ngarti noe matak sakabeh alesan - alesan teh njokot tina kitab arandjeun bae.

Ajeuna oerang bisa ngaboektikeun kaloehoenganana djeung kabeneranana Islam, doemeh Toean Rahmat Ali geus nerang - nerangkeun kasalahanana kitab - kitab Indjil djeung Touret, oge oerang bisa njaksi ngabenerkeunana djeung ngaloehoengkeunana kitab kitab oerang njaeta Qoer'an djeung Haditz.

Sarta oerang kakara ngarti jen perloe pisan nganjahokeun kaajaanana kitab - kitab agama sedjen noe lain agama Islam, soepaja kanjahoan kaloehoenganana Islam.

—

### Landgerecht Garoet.

Landgericht Garoet dina powe Rebo tanggal 23 Januari '35 geus moetoes roepa-roepa perkara palanggaran reana 30 perkara.

1 diantarana ngaran Koendi oerang kampoeng Bodjong, ond. Karangpawitan geus didenda f3,50 atawa gantina 7 powe hoekoeman.

Lantaran manehna teu sanggoep majar dendaan, powe harita keneh oge teroes ngadjalankeun hoekoeman bae, noe sesara (29 perkara) masing-masing sanggoep malajar dendana.

Dina Sin-Pas anoe anjar kaliwat geus dibedjakeun jen aja 56 sakitan anoe dikirimkeun ti boei Garoet ka Boei Bandoeng toemali djeung kalobaan teuing.

Dina powe Djoemaah tanggal 25 Januari 1935 gens dikirimkeun deui ka Bandoeng 39 sakitan kabeh lantaran tina ngoeboer majit gelap.





teu aja!

Oepama oerang tjape mentas digawe, rarasaan badan teu ngarareunah, moenggoehing pikeun di Nagri panas taja deui landong na djabi ti:

TABLET - COFFIEASPIRIN

njaeta hidji tablet anoe nganggo ditjampoeran koe Aspirin, anoe tiasa ngadamangkeun kalawan gantjang sarta saliratangtos sehat deui

## Muslim Tabib A. B. YUNANI

Oude Kerkhofweg (Bantjeuj) 56, — Bandoeng.

*Specialist aambeien (wasir) ampotency (peloe) zonder operatie.*
Ditanggoeng dalem 10 hari bisa bikin baik, zonder operatie dan zonder bakar. Djoega bisa mengobati segala roepa-roepa penjakit loear dan dalem biarpoen lama atau baroe.
Dan perampoean tida bisa boenting, bisa mengobati sampe boenting.

N.B. **World Paradise Oil** Ada seroepa obat pelesir boeat orang laki-laki nanti bisa memberi kesenangan jang loear biasa. *Harga* dari 5 gram f 1.— dari 10 gram f 1,70.

Obat-obatan bisa dikirim dengan Rembours,
DJAM BITJARA : dari djam 8 pagi sampe djam 8 malem.

# :- Roemah sewahan -:

| | 1) | 2) | 3) |
|---|---|---|---|
| Tjiateulweg No. 51, 53 dan 61, | f. 30.— | f. 29.— | f. 27.50 |
| Gempol No. 111 — 141 | „ 27.50 | „ 26.— | „ 24.— |
| Babatanweg No. 50, 54, 56, 58 dan 62 | „ 24.— | „ 23.— | „ 21.50 |
| Djalan Entje Adjis No. 244 | „ 24.— | „ 22.50 | „ 20.50 |
| Gang Pengampaan No. 348 dan 349 | „ 22.— | „ 20.— | „ 18.50 |
| Gang Langensari No. 23 dan 24 | „ 22.— | „ 21.— | „ 19.50 |
| Gempol No. 115, 125 | „ 20.— | „ 19.— | „ 17.50 |
| Sadewaweg No. 18 dan 26 | „ 20.— | „ 19.— | „ 17.50 |
| Tjiaeul Tengah No. 2 dan 3 | „ 18.50 | „ 17.50 | „ 16.50 |
| Sadewaweg 4 dan 6 | „ 18.— | — | — |
| Tjiateul Tengah 14, 16 dan 20 | „ 17.50 | „ 16.50 | „ 15.50 |
| Gang Hadji Jacoeb No. 4 | „ 17.50 | „ 16.50 | „ 15.50 |
| Gang Pengampaan No. 342 | „ 17.— | „ 16.— | „ 15.— |
| Gang Langensari No. 19, 20, 35, 36, 37 | „ 17.50 | „ 16.— | „ 14.— |
| Kalipah Apoweg No. 39, 43 dan 45 | „ 16.50 | „ 15.50 | „ 14.— |
| Gang Hadji Jacoeb No. 3 dan 27 | „ 16.— | „ 15.— | „ 14.— |
| Sadewaweg No. 33 | „ 15.— | „ 14.— | „ 13.— |
| Nakoelaweg No. 32 | „ 15.— | „ 14.— | „ 13.— |
| Gempol No. 183 | „ 15.— | — | — |

Djoega sedia roemah-roemah jang lebih moerah, dengan semoeanja poenja installatie sendiri-sendiri.

Katrangan bisa diminta pada :

**Gemeente Woningbedrijf**

1) Contract boelanan.
2) Contract satengah tahoen.
3) Contract satoe tahoen.

## Kleermaker Soegri & Chmiesche Wasscherij „De Zon"

**Kebon Djati No. 49 —:— Bandoeng**

Para djoeragan,

Kangge sawewengkon Indonesia mah moal bireuk deui, jen kota Bandoeng teh poeseurna tina sagala kamodelan.

Koemargi kitoe adres anoe diloehoer sanggem njoemponan ngadamel roepi-roepi model panganggo djoeragan. Disajagikeun roepi-roepi lawon sapertos: Gabardine, Wol, Katoen sareng seueur-seueur deui.

Sadaja pesenan di pidamelna koe toekang-toekang (coupeurs anoe tarabah, anoe parantos ngadjalankeun praktijk.

Koemargi kitoe, mangga tjobian meser, tangtos njoegemakeun

Hoermatna
Eigenaar

233

## Bouwmaterialen - Houthandel & Administratiekantoor „TAMAN SARI"

TASIKMALAJA TJIAWIWEG — TELEFOON No 35

Para Djoeragan-djoeragan, anoe gadoeh boemi-boemi sewakeuneun !

Lamoen aja ngaraos sesah ngoeroes boemi-boemi tea, tjik soemping ka adres noe kasebat di loehoer ieu, tangtos tiasa leungit sagala pikiran sesah !

Tjobi njoehoenkeun katerangan ka Adres di loehoer. 2


### Koeboer Gelap.

Perkara-perkara noe dipoetoeskeun koe Landgerecht Garoet sakoemaha noe kaseboet di handap ieu :

Dj. oerang desa Soekasari o/d Banjoeresmi, lantaran ngoeboer gelap, didengda f 75.— atawa boei 150 powe.

M. oerang desa Samarang, o/d Samarang, lantaran ngoeboer gelap, didengda f 67.50 atawa boei 135 powe.

W. oerang kp. Lembok desa Sirnaradja o/d Samarang, lantaran ngoeboer gelap, didengda f 67.50 atawa boei 135 powe.

P. oerang kp. Tjiojod desa Bandjarsari o/d Bajongbong, lantaran ngoeboer gelap, didengda f 60.— atawa boei 120 powe.

Nji Oe. oerang desa Bandjarsari, district Bajongbong, lantaran ngoeboer gelap, dihoekoem denda f 45. atawa boei 90 powe.

A. oerang desa Soekamenak, o/d Wanaradja, landb, hoekoem denda f 60. atawa boei 120 powe.

Nji A. oerang desa, enz. id, lantaran ngoeboer gelap, dihoekoem denda f 30. atawa boei 60 powe.

A. oerang kp. Sengrod, desa Sirnaradja, o/d Samarang, lantataran ngoeboer gelap, hoekoem denda f 60. atawa boei 120 powe

A. oerang kp. Gadog, desa o/d Soekawening, lantaran ngoeboer gelap, dihoekoem denda f 60 atawa boei 120 powe.

Nji E, oerang kp. Panjingkiran desa Sindanggalih, o/d Soekawening, lantaran ngoeboer gelap, dihoekoem denda f 45 atawa boei 90 powe.

O. oerang kp. Tjikarees, desa Soekasono, o/d. Soekawening, lantaran ngoeboer gelap, dihoekoem denda f 60 atawa boei 120 powe

D. oerang kp. Nangkapait, desa o/d. Soekawening, lantaran ngoeboer gelap hoekoem denda f 60 atawa boei 120 powe.

H. oerang kp. Patrol desa Soekasono, o/d, Soekawening. lantaran ngoeboer gelap, dihoekoem denda f 60 atawa boei 120 powe.

H, oerang kp, Tjigadog, desa o/d. Tjilawoe lantaran ngoeboer gelap dihoekoem boei saboelan.

S. oerang kp, Pengkolan desa Soekagalih o/d. Tarogong lantaran ngoeboer gelap dihoekoem boei 5 minggoe.

E, oerang kp, Taloen desa Soekadjadi o/d, Tarogong lantaran ngoeboer gelap dihoekoem boei 2 minggoe.

—

### Banten

**Bagian kaoem nganggoer tambah koeat ; koeat soteh lain nanahaon, ngan oekoer ngareaan.**

AfdeelingsbankPandeglang geus ngoesahakeun ngoerangan personeelna tepikeun ka kira-kira 70 pCt. noe dienstna geus lila sarta tractementna dianggap galalede, diganti koe noe ngarora, noe gadjihna paling loehoer ngan oekoer f 25.-- tapi digawena tepikeun ka „kotjeak dengek" (ngarasa satengah mati). Ti isoek-isoek tepi ka boerit, malah dina boelan ngora (eerste dagen, na eind van de maand) digawena tepi ka peuting, roepana matak karoenja geus parotjet . . . . Atoeh koemaha pagawean teu saeutik, personeel katjiida koerangna. Ongkoh deui tjek tjarita noe djadi Chef katjiida o n h e b b e l y kna, oge o n d e r c h e f n a bangsa awak noe katelah di Pandeglang mah „k e - B l a n d e n" . . . . malah diwaktoe lebaran oge, make ngahadja nangtoeng didjalan ngaberes djeung bangsa Blanda, nendjo, djiga semoe heran kana iringan noe ka Masdjid, ngiring Kandjeng Dalem. Tjek djalma rea, wadoeoe oehhh . . . . naha eta teh bangsa naon ? (Tjek tjarisa anak Hadji, malah sepoehna djanten Panghoeloe, moen enja teh, waaahhh . . . . katjidaaaa noen ! corr.).

Malikan deui djeung nerangkeun kaajaan Afd. Bank Pandeglang, rea gawe soteh, lain karana rea kaoentaengan, dimana teuing waktoe-waktoe kieu baris aja oentoeng, ngan oeroesan panagihan bae noe rame teh, ngindjeumkeun mah da sirikna teu distop bae, malah geus rea noe nerka jen Bank teh baris ditoetoep moen kaajaan waktoe teroes-teroes bae tjialat.

Djaba ti dikantor Bank koeroe dan personeel oge kadjadian di sedjen kantoran, saoerti R.R. tapi teu sakoemaha.

Conclusie : oerang sarerea ngan oekoer miloe sedih. lantaran tambah reana kaoem nganggoer. Tapi ngadoakeun ka sadaja parakantja masing iman, sabar tawekal (ichtiar sabisa-bisa), soemanget p e r b o e r o e h a n, ganti soemanget s e l f h e l p petakeun sagala kadaek oerang, leungitkeun era palsoe, djadi naon bae, oepamana : toekang tahoe djeung toge (njieun) dagang sajoeran, ngaborongan hajam, endog bebek djeung hajam, moeka reparatie-reparatie pilih tempatna wasscherij, komo moen bisa c h e m i s c h tangtoe lakoena alhans di Pandeglang mah tatjan aja sok diboeroe ka Serang of Rangkas bae, njieun copra, djadi toekang dagang kajoe bakar, walhasil rea - rea keneh djalan moen oerang enjaan boga kadaek mah. sarta daek ngaleungitkeun „valsche schaamte" [maloe palsoe].

—

### „Sinar Banten" elftaal tournooi ti Lampoeng ka Banten djeung ka Tanggerang

Voetbalsport estoe hidji sport noe populair sadoenja. Paedahnja pikeun para nonoman teu saeutik. Nagara noe boga elftal koeat, miloe kadjoengdjoeng daradjatna koe kaajaan kamadjoean voetbal. Hidji tempat noe sakadar gede komo rame mah, moen teu boga kamadjoean voetbal, tetep ditjap nagara „doesoen" atawa „achterlijk". (Koe ijeu katerangan ras inget ka Pandeglang, diwaktoe A.R. V. d. M e u l e n, elftalna koeat, malah geus ngadon ka lapang sagala, djeung kamana-mana di Pasoendan, tapi ajeuna, sedih noe aja, pangagoeng teu aja kana ngagoegoeloekeunana sakali deui sedih ! (cor)

Di Lampoeng katoet Tandjoeng Karangna, voetbal sportna katjida madjoena, antarana noe paling koeat (djagoanana) elftal „Sinar Banten" elftal paranonoman Banten noe boeboeara di Lampoeng, kamari ijeu (Minggoe katoekang) kalawan dipimpin koe para djr : Ketjil djeung H. Kalimi geus bertempoer djeung sababaraba elftal di Serang. S t e r djago Serang ngagoeling (rebah). Tanggerang njakitoe keneh. Laboean doewa powe ditjoekoer teroes ; perloe sesepoeh voetbalclub Laboean ngemoetkeun, soepaja djalmi-djalmina (spelers) dina oesoem main, mengenal kesopanan [sportief], lantaran rea boekti, komo ka tatamoe mah kasopanan teh koedoe pisan diboektikeun. Deui moen hajang boga club koeat spelersna djaradi djempol, koedoe mitjeun „ruwspel" (main kajoe) sabab lain bae ngaroeksak kana kaajaan spel, noe tangtoe lain ngingetkeun kana bola, tapi ka djelema [tegenstander]. Boh sieun, boh wani estoe taja goenana. Noe poegoeh ngarana oge voetbalspel, lain koedoe oerang perang atawa geloet, sabab tempatna noe kitoe mah di „boks atawa worstel arena". djadi bokser bae atawa worstelaar. Tjindekna sakoer elftal noe hajang koeat, koedoe ngalakoekeun permainan beresih (fair play) djeung samenspeil noe toelen. Insja Allah.

—


## „ISOEKAN KOERING DIGANTOENG'

Teu panasaran teuing, asal kalaksanakeun heula ngadatangan :

# OBRAL

Taoenannana

## „Benkoelen Bazaar"

**Groote Postweg 10 - pajoeneun Toko Tjijoda Bandoeng**

Ngawitan 23 Jan. '35.

| | |
|---|---|
| Kaos kaki ngawitan . . . . . . | f 0.05 |
| Dasi „ . . . . . . | „ 0.10 |
| Kraag „ . . . . . . | „ 0.10 |
| Kamedja soetra „ . . . . . . | „ 1.— |

ENZ. ENZ. ENZ.

**Special à Contant.**





### Pasamoan penting !

Mangkoekna di Batawi geus aja pasamoan bond - bond maen bal, saperti Batawi, Soekaboemi, Bogor djeung Bandoeng ; B.V.U. (Bandoengsche Voetbal Uuie) oge henteu tinggaleun.

Maksoedna ieu pasamoan teh njaeta soepaja aja deui persatoean di N. I. V. B., sarta ajeuna geus narima motie, jen hal petana noe ajeuna bonganna N.I.V.B. soranganan, nepikeun ka loba pisan bond noe kaloear. Eta motie katjiida njawadna kabangkitanana N I.V.B. djeung tjenah moal arasoep deui ka ieu bond oepama bestuurna saperti ajeuna keneh, eta motie koe sarerea diteken iwal ti Bogor, ieu mah henteu neken, sarta beubeunanganana bakal dikirimkeun ka Koninklijtce Nederlandsche Voebal bond djeung ka T. I. F.A.

—

### Voice — A.M.S. 3—0.

Kabeneran keur hade sorena, poë Saptoe geus diajakeun pertandingan maen bal, competitie V. B.D. di lapang Kotabaroe Djokjakarta, njaeta antara club-blub :

Voice contra A.M.S.

Publiek teu pati loba, meureun koe eta sapedah Voice mah ngatjatjang dibagian club noe pangkoeatna, ari A.M.S. mah sabalikna.

Poekoel 4.30 referee geus nabeuh fluitna, refereena Walanda toelen, da eta geuning nendjo ka osoa bet belang tjoreleng, tjoreleng koneng, bodas, boelao (oranje, blanje-bleu). Tapi ieu mah koe sabab loba teuing tjorelengna, bet matak roesras inget ka kelebet Tiong Hoa marhoem.

Poekoel satengah lima leuwih sapoeloeh menit kakara mimiti maen.

Bal djol-djol ngabereg ka pihak Voice, nja teu woedoe backstel ripoeh oge. Tapi euweuh saoerang noe katendjo keuna koe panjakit „zenuwen", estoe kabeh pada pertjaja kana kabisa sorangan.

Ti pihak A. M. S., koelantaran ngarasa jen boga lawan noe leuwih koeat, maraenna katjida soson-sosonna, malah sok nepi ka kaleuwihan teuing nepi ka sok . . . . . „talmen".

Saentas lima menit ngabereg ka Voice, ngamimitian ajeuna bal njedek, ka A.M.S. Voorzet ti kentja — ti katoehoe, estoe matak resep anoe nongton — tingpelentoeng — ting sareot — ngan hadena keeper A.M.S. keur meudjeuhna nandjoeng.

Bal katengah deui, ajeuna rame di tengah pakalangan, mindeng loba „duel partij" noe laloetjoe.

Teu lila balditengahkeun, toeloej ngabereg deui ka A,M.S. Koengsi strafschop di pakalangan A.M.S. tapi masing sepakanana nepi ka handaroean, da loehoer teuing. nja lapoer.

Ajeuna bal toeloej oeloekoetek di pihak A.M.S. bae. sarta teu koeng 10 menit rechtsbinnen Voice geus bisa „ngabekaskeun bedilna" nepi ka 1—0, keur kameunangan Voice.

Voice beuki tembong oenggoelna, tactiek, balcontrole, routine estoe poedjieun.

Bal teu ngalanto-lanto deui ka pihak Voice, aja sahidji-hidjieun oge ngan oekoer nepi ka backstel.

Samemeh pauze linksbuiten Voice geus bisa nambahan punt, djadi 2—0 keur Voice.

Saentas pauze A.M.S. beuki soson-soson bae, nja nepi ka bal loba noe nepi ka goel Voice.

Ajeuna ngamimitian rame deui, bal kaditoe kadieu. Loba noe metjakan njieun „solo ren" tapi ngan oekoer sapoeloeh-lima belas meter bae.

Links-buiten A.M.S. patoekeur tempat djeung midvoor, sarta ka tendjona koe ieu perobahan opstelling, A.M.S. teh ngoeatan.

Henteu lila midvoor anjar katendjo tjingkoed, nepi ka kaloear ti veld sakeudeung.

Voice beuki rikat, bal ngagelek ka A.M.S, nepi ka kawalahanana, 3—0 keur kaoenggoelan Voice.

A.M.S. ajeuna toeloej didesek, tapi backna digawe popohoan.

Nepi ka lekasan, Voice teu bisa ngaboeskeun deui, stand tetep 3—0 keur Voice.

—




### Kabar Adm :

Djrg : A. Hidajat Soekaboemi. Kintoenan Partos noehoen.

Saban dinten oge dikintoen teu aja kendatna.

Adm:

D j r. T j i o e n g W a n a r a - Stukken katampi. Koemaha serat briefkaart ti Bd. katampi ?

D j r. H a r s o n, - oepami ngadamel stukken, oelah mentingkeun eigen belang !

D j r. A b d r T s k-Naha ga - djlig ? !

D j r. H. M. A. T s m. Balitoengan bereskeun ! ! !

—

### Kapal ngapoeng model Indonesia.

Toean Walvaren oerang Andir Bandoeng, baris metjak metjak kapal oedarana anoe anjar W. 2, noe didjieun di Indonesia, sangkan bisa meunang luchtwaardigheids certificaat.

—




## Made in Bandoeng.

Sok paingan tjek babasan sinjoh kolot, kota Bandoeng teh padjarkeun „P a r i s v a n J a v a", teu pindo gawe, ari koe kitoe tae mah kapan sakanjaho Etjle oge teu koerang-koerang kamosdelan - ka mosdelan anoe speksial made in Bandoeng.

Geura : Sapatoe Ben Hur apoes boentoet made in Bandoeng, „G e l o e n g T j i j o d a" made in Bandoeng. „G a n d e u a n g P o r - k i n g" made in Bandoeng, Kerepoes King Kong a la Tjitrajoeda made in Bandoeng, „B e r e w . . . . . ." aeh ! „B o n t e n g k o l o t" made in Bandoeng, ajeuna de zoo genaamde „Sanggoel A r o m a" das ist weer made in Bandoeng. ensoedoet-ensoeproet djeung rowa deui mosdel anoe kitoe patoet . . . .

Pendek kata, kantenan mah poeoeoegoeh weee Bandoeng teh beunang oge diseboetkeun indoestri mosdel.

En, apa mosdel paling baoe, aeh. . . . . baroe ?

Tjek radio anoe tepi kana tjeuli Etjle, tjenah mah ajeuna teh bangsa Banondari-Banondari a la Gang Rais (Padjagalanweg) sok ngeuradan bangsa baroedak anoe keur sarakola, zonder epek doerse toet dibikin karambol . . . . .

Koe sabab eta kantenan mah poeoegoeh wee atoeh ajeuna mah rea boedak-boedak kakaratak, na laktak ngelehkeun oerang Parasandak.

Etjle mah rada mangsalempangkeun teh eta bae, koe ajana Banondari-Banondari matjem kitoe, bilih bisi matak ngaroeksak kana moraal baroedak, sok oepama aja galoer rea noe teroes ngaraksoek . . . . .

Geura, teu moestahil oepama nepikeun ka bajaran sakola beak dipake teu oeroes, kana pangadjaran sakola teu loetreuk, achiroelkalamna sakolana oge djadi teu eutjreug !

Etjle mah estoening mangkaroendjakeun ka noe djadi kolotkolotna bae, sok oepama nepikeun ka rea baroedak noe bengkoeng bekas njalahan, lantaran koe man tjerod . . . . dieuradan !

*Das ist weer made in Bandoeng !*

Etjle

### Ma'loemat.

Kamari dina Sin. Pas. geus dimoeat hidji ma'loemat noe ditawis koe R. D e n d a d i k o e s o e m a h , Djrg. Wadana Leles.

Eta ma'loemat teh kenging njoetat tina soerat salambar noe disebarkeun koe djr. Wadana Leles kangge ra'jat sawewengkon district Leles.

—

### Opat leiders P. N. I. diiangkeun ka Digoel.

Dina powe ieu, kira-kira poekoel 10 isoek-isoek, 4 leiders P. N. I, anoe ditahan di boei Soekamiskin, nja eta Maskoen, Boerhannoedin, Moerwoto djeung Soeka, geus diiangkeun ti Bandoeng baris diboeang ka Digoel.

Datangna ka statsion eta noe 4 leiders teh kalawan make mobil boei. Noe ngalanteurkeun bangsa sobat-sobatna, familie-familiena katoet ihwan-ihwanna sapartij, kaitoeng rea oge, ngan bae saoerang oge koe politie euweuh noe kaidinan nepoengan.

Iboena Moerwoto di stationna kapioehan, kalenger teu panger ningali poetra.

Maskoen inditna mawa bodjo djeung anak, nja kitoe Moerwoto oge ka pangboeanganana teh mawa bodjo.

—

### Werkplaats S.S.

Toemali djeung arek dihidjikeunna werkplaats S.S. di Bandoeng ka Madioen tea, „B a n d o e n g V o o r u i t" geus mangadep ka directeur Verkeer en Waterstaat,

PERPUSTAKAAN NASIONAL REPUBLIK INDONESIA

Sinar Pasoendan
DAGBLAD SOENDA OEMOEM

LAMBARAN KADOEA — No. 21 TAOEN KA 3
SENEN 28 JANUARI 1935 — 22 SAWAL 1353

# Gelaran Raden

DINA nomer anoe kaloear ping 15 sasih ieu, aja patarosan ti toean W. s. mariksakeun koemaha asal-oesoelna sareng hartosna ketjap Raden, anoe ajeuna ilahar diaranggo gelaran.

Kalintang djisim koering nja panoedjoe kana eta seratan teh, reh djisim koering oge pohara nja hajang terang. Malah, kaseuit koe patarosan eta teh, ladjeng sim koering oesik, tjoepoe-tjapa ningalan tjatetan-tjatetan sareng moekaan paririmbon-paririmbon, kitoe tea bae sakoer noe aja disodok, bet sepi, henteu mendak kalangkang-kalangkangna atjan. Dalah dina Woordenboek Kawi anggitan toean W i n t e r oge, boekoe anoe sakitoe parantos kawakna, eta ketjap Raden teh dilangkoeng henteu diajakeun. Diemoet-emoet koe sim koering, pangna eta ketjap henteu diajakeun teh, reh eta ketjap teh s a n e s b a s a k a w i, nanging pitoein basa Djawa.

Menggah koe sangka-sangkaan hate, kawas hamo lepot deui, jen djolna eta ketjap teh ti pihak Kaler Wetan (Rembang-Samarang), da menggah oerang Pakidoelan sareng oerang Koelon mah, baheulana henteu tarerangeun kana pokpokan eta teh, soemawon moen make tea. Komo oerang Bang wetan mah beuki boeta toeli pisan kana eta teh.

Di Priangan noe ngawitan ngagem gelaran R a d e n teh Dalem Gordah, noe djenengan R a d e n A n g g a r a d j a, djadina Boepati di Bandoeng taoen 1704, da ari ramana mah (Dalem Ardi Soeta) henteu ngagem titel R a d e n.

Sinoehoen Panembahan (1600) anoe ngawitan ngabangoen gelaran, oge henteu tingalieun kana eta ketjap R a d e n, ponggawa-ponggawa anoe tjakep, koe eta sang Ratoe digandjar gelaran M a s, margi digalihna: Henteu aja barang noe endah ngalangkoengan ti e m a s. Kitoe oge di pasihkeunana eta gelaran teh, kedah ka anoe sceroep sareng w a r o e g a n a, djelemana teh kedah anoe tegep — sieup — dedeg pideksa, toer koneng atanapi bersih pakoelitanana.

Djadi sanaos oerang tatjan oeninga oge di djelemana noe digandjar tea, koe ngadangoe disebat M a s teh, ladjeng bae tiasa njangka, jen tangtos djelema-pasagi eta teh. Komo moen menggah di istri mah, soegri noe didjoedjoeloeken koe titel N j i M a s teh, kedah bae awewe noe lempeng pacetanana toer koneng enaj pakoelitanana.

Doepi noemoetkeun riwajat oedjar-oedjar sepoeh baheula, titel R a d e n teh langkoeng-langkoeng hesena dimoeradanana. Geura perlambangna:

Soenan K a l i D j a g a ngadamena s a k o l a, koe pertoendjoekan w a j a n g atanapi t o p e n g [tooneel]. Di dinja diajakeun roepi-roepi g e l a r a n, aja djelema noe dititelan P a n g e r a n, hartosna pange-ngeran, tina ketjap ngenger noe hartosna n g a w o e l a, djadi pangeran teh = pangawoelaan.

Aja ketjap A d i p a t i, hartosna R a d j a a l i t, sanaos kabawah parentah koe Radja Agoeng oge, kawasa moetoes perkawis enz.

Aja ketjap T o e m e n g g o e n g hartosna Bopati Militair.

Aja gelaran A r i a, hartosna: djelema noe di oegoeng-oegoeng koe Ratoe dipoendjoelkeun ti noe rowa-rowa.

K a k i - K i a n atanapi K e n hartosna poetra ratoe, djadi djelema teh sadaja aja di bawah kaki (sampean) andjeunna; djadi sami sareng t j o k o r d e di Bali = djelema noe rowa teh aja dibawah tjokor andjeunna, sareng rowa-rowa deui giliran-giliran sanesna.

Ladjeng gelaran R a d e n, kawitna mah ieu ketjap teh dianggo kana saroepi p o e d j i a n ka moerangkalih anoe didama-dama, margi kasep-tjakep-toer pasagi paawakaanana, toeroeg-toeroeg pageuh ngagemna elmoe k a s a t r i j a a n (beschaving).

Dina wajang djelema noe digadenan reh moeng saeutik pisan djoemblahna:

1 Narajana,
2. Gatotkatja,
3 Angkawidjaja,
4 Djanaka[1]).

Oge Dalang teh dina ngararapkeun titel R a d e n-na kedah nganggo grammatica, soepados oelah djanggal kadangoena koe noe nongton: oelah njebat R a d e n A r d j o e n a, margi ketjap Ardjoena teh parantos hidji titel djadi ngarodon, nja njebat teh kedah S a t r i j a R a d e n D j e n a w i.

Koe oerang oge karaos djanggalna, oepami aja noe ngepokkeun „R a d e n P a n g e r a n". Malah sajaktosna mah lepat eta sebatan R a d e n A d i p a t i (?Red) atanapi R a d e n T o e m e n g g o e n g (?Red] teh, komo R a d e n A r i a mah.

Arija teh, kawit tina ketjap r i j a k, anoe hartosna reuhak. Djelema biasa mah, dilarang r e u r e u h a k di medan publiek, anging anoe kagoengan titel A r i a woengkoel anoe diwenangkeun. Tjontona A r i a B a l a d e w a[2]) (Perboe Mandoera), dibidjilkeunana koe dalang kedah bari reureuhak, namoeng oepami aja batoer noeroetan, koe andjeuna ditjabok.

Oge baheula di oerang, noe djoemeneng Dalem teh djoeragan Kiai Oekoer-agoeng, disarebatna moeng D i p a t i O e k o e r bae, henteu R a d e n A d i p a t i O e k o e r.

Djeung di gelaran Raden teh, henteu kenging ditoeroen-toeroenkeun ka poetra-poetoe.

Margi basa boetoeh koe ketjap, pikeun ngadamel terketjoealian, geusan ngabentenkeun martabat djelema, eta ketjap R a d e n teh djadi nerekab ka mana-mana.

Djaman Compagnie mah eta ketjap teh tatjan sakoema dianggona, moeng saparantos Gouvernement djadi, pohara dipikaresepna, margi kapoengkoer mah, dina staat van dienst stamboek) prijaji teh, aja kolom pamariksaan kieu:

K a l o e i a b o e k a n s e o r a n g t o e r o e n a n d a r i R a d j a - r a d j a a t a w a t o e r o e n a n d a r i O r a n g j a n g t e r s e m b a h a n o l e h o r a n g k e t j i l, a p a s e b a b i a d i v o o r s t e l s o e p a j a d i b e n o e m d.

Djadi noe dimaksoed koe ngagadoehan titel Raden teh, soepados oedjoeg oedjoeg katingali jen pribadosna teh o r a n g a s a l.

Gouvernement rowa miloe tjampoerna kana eta gelaran. Geura anoe emoet keneh:

1. titel R a d e n teh diiwalkeun tina gawe heerendienst sareng desa dienst.
2. diiwalkeun tina cultúurdienst.
3. dina ngadamel kadjahatan teu kenging dirante.
4. oepami dihoekoem koe Pangadilan, teu kenging dibere pa damelan kasar.
5. Dina rioengan-rioengan, kenging hak dipasihan tempat anoe raos pangpajoenna, sareng roa-roa deui hak-hak anoe saoetak-saeutik, malah kaajeunakeun, anoe lebet kana Burgerlijke stand teh, nembe bangsa R a d e n - R a d e n bae. Djadi koe kitoe teh, bangsa Raden teh ladjeng nimboelkeun 1 kaom.

Gouvernement miloe tjampoer kana karadenan, netepkeun atoeran anoe rada siloeng, moeng oepami bapana R a d e n, kenging anakna disebat R a d e n. Nanging eta atoeran teh koe sawareh tempat mah henteu digoegoe.

Roa anoe njoerahan, pagar R a d e n, kawit tina ketjap r o c h sareng a d i, djadi hartos r o c h anoe endah, anoe haram ka n a r a k a. Doeka, menggah leres atanapi henteuna mah, moeng bawiraos: lepat eta tjita-tjita teh, da sanaos henteu ngagem oge kana a g a m a - I s l a m, teu aja matakna oepami di-Radenkeun.

Koe emoetan, oepami eta ketjap diasalkeun tina ketjap r a d h i mah, rada kahartos, margi r a d h i hartosna t a t a atanapi p r a n a t a. Djadi R a d e n teh djelema ngora anoe terang sareng make kana o e d a - n a g a r a [tindak-tandoek—tata-titi). Nanging dina wajang mah, kedah k a s e p ongkoh beschaafd ongkoh.

Di Djawa mah, titel R a d e n teh, parantos djadi sababaraha tahap: aja Raden Mas, R a d e n B a n d r i — R a d e n B e i. Oge di istri: aja R a d e n A j o e — R a d e n A d j e n g — R a d e n N g a n t e n, sareng D e n.

Nembe sakieu nja katerang, moegi aja bangsa S a r d j a n a anoe kersa ngalereskeun sareng nambihan.

P. S.

Noot Red:

1. Noemoetkeun pamendak, kadjabi ti noe opat teh dina wajang seueur deui anoe koe ki dalang sok dipasihan gelaran Raden.

2. Teu atjan ngoeping doepi „A r i a B a l a d e w a" mah, moeng bae dina wajang kalimbrahanana anoe sok disebat „Aria" teh, njaeta: Aria Werkodara, Aria Tjindepoera (Doersasana), Aria Lesanpoera [Sentjaki], Aria Wibiksana, Aria Seta, s.dj.t.

# Pakasaban

## Cooperatie di Indonesia.

Lamoen oerang ngabandoengan pergerakan Cooperatie noe aja di Indonesia, dina waktoe-waktoe ieu atjan beunang diseboetkeun sampoerna, sarta katjida tinggaleunana koe nagara-nagara sedjen. Kadjaba ti tinggaleun teh deui, Cooperatie noe aja di oerang di Indonesia ajeuna atoerana ampir henteu beda djeung „Naamlooze Venootschap."

Kalolobaanana anggotana [lidna] henteu njaho enja-enja, naon maksoedna djeung naon hartina Cooperatie, da di oerang mah geuning ngadegkeun bae toko-toko anoe dipiboga koe 2-3 djelema atawa paling loba koe sagolongan djelema. Dus, saroepa kieu henteu beda djeung djadi boedjang-boedjang toko anoe mangdjoealkeun dagangan batoer atawa djadi agent barang barang asing, nepi ka dina harga ngadjoealna oge sakapeung mah Cooperatie kabogaan oerang Indonesia teh sok leuwih mahal ti batan toko toko bangsa asing; nepi ka teu djadi heran deui, lamoen rajat atawa elidna pisan kapaksa barang beulina ti toko asing tea. Deui hargana aandil kaitoeng pohara marahalna, nepi ka rajat noe malarat mah teu bisa miloe oeloe bioeng dina eta lapangan paoesahaan; dus, ngan woengkoel anoe baleungbar anoe laloba doeitna bae anoe bisa ngasoepkeun modalna kana eta Cooperatie, sarta anoe dimaksoedna teh taja lian kadjaba ti ngan soepaja manehna meunang oentoeng gede dina waktoe ngabagikeun kaoentoenganana; atoeran kieu naon bedana djeung ngadidik „Hawek." (?Red.)

Sanadjan dina theoriena Cooperatie teh pikeun rajat, tapi dina praktijk koe oerang kanjahoan, saha noe loba neundeunna doeit, eta noe gede kaoentoenganana.

Tjoba koe oerang bandingkeun, koemaha bedana Cooperatie di nagara oerang djeung di nagara batoer. Di nagara batoer mah harti Cooperatie teh, katjoemponan, sakoemaha harti Cooperatie tea, henteu bertentangan theorie djeung praktijk. Cooperatie teh bisa noeloeng rajat anoe kasangsara soemawonna elidna. Eta cooperatie teh bisa ngadjoeal barang-barang leuwih moerah ti batan toko anoe dipiboga koe saoerang atawa doeaan. Kadjaba ti bisa ngadjoeal barangna leuwih moerah ka rajat, deui bisa ngadjoeal productie ti eta tempat ka loear nagara kalawan teu make perantaraan bangsa sedjen. Cooperatie di Europa katjida gantjang madjoena, sarta sadjaba ti ngabogaan toko teh, deui bisa ngaradegkeun pabrik-pabrik djeung peroesahaan noe sedjenna, anoe bisa njoemponan ka rajat anoe balangsak (ka rajat anoe teu bisa hiroep senang).

Nagara-Nagara di Europa anoe geus madjoe cooperatiena saperti: Noorwegen, Zweden, Perantjis, Engeland djeung Rusland, noe pang-pangna di Inggris djeung Rusland. Di 2 nagara anoe kaseboet bieu, njaeta nagara anoe pang madjoena tina hal Cooperatie. Di Inggris bae noe djadi elidna tina cooperatie kl. aja 3.000.000 elid, sarta koe rata-rata saban taoen bisa ngagolangkeun doeit 30,000.000 roepia. Sadjaba ti eta di Inggris ngabogaan Central Cooperatie, anoe woengkoel gawena pikeun (bisa) njajagikeun barang-barang pikeun cooperatie anoe laleutik.

Koe lantaran kitoe, oerang bisa njaho, Cooperatie di Inggris teh boga pangaroeh anoe pohara gedena dina lapang perdagangan, sanadjan lapang perdagangan masih ditjekel koe 2 atawa 3 djelema. Di Roesland perkara ieu leuwih madjoe, nepi ka dina taoen 1917 cooperatie di ieu nagara aja elid k.l. 1000.000 elid djeung doeit anoe digolangkeunana k.l. 75000.000 roepia, sedeng dina saban taoen boh doeitna noe digolangkeun boh elidna tambah madjoe, nepi ka dina taoen 1928 mah elidna k.l. 20.000.000 elid, sarta doeitna anoe digolangkeun k.l. 9000.000 000 roepia.

Lamoen ngingetkeun kamadjoean anoe saroepa kitoe, koe oerang bisa kawangwang, sakoemaha gedena cooperatie di eta nagara, sarta moal heran deui, lamoen di ieu nagara anoe boga kakawasaan dina lapang perdagangan teh nja cooperatie tea, cooperatie karajatan, cooperatie anoe dipiboga koe sakoemna rajat djelata.

Cooperatie di ieu nagara tangtoe bae gantjang madjoena, lantaran didasarkeun kana pergaoelan rajat oemoem, anoe bersipat S o c i a l i s t i s c h, sarta harga barang-barang bisa didjoeal tina harga asalna didjieun, sabab geus ngabogaan pabrik-pabriek.

Beuki kabehdieunakeun ti harita nepi ka ajeuna, beuki katembong bae kamadjoeanana eta cooperatie, bisa ngabagi-bagi garapeunana masing-masing, sarta aja dina panangtajoenganana Centralna, saperti: Cooperatie njieun roti, njieun sapatoe enz. pendek kata sagala peroesahaan didjalankeun make atoeran Cooperatie.

Ningal lobana elid sarta ningal lobana modal, anoe sakitoe tohagana, koe oerang bisa kanjahoan, sabaraha reboe pal tinggaleunana Cooperatie di oerang di Indonesia.

Tadi noe dipake tjonto teh Europa, ajeuna tjoba oerang ngalirik ka nagara Toerki, India djeung Philiphina. Di ieu nagara sanadjan Cooperatiena henteu gede saperti di Roesland atawa Inggris, tapi lamoen dibandingkeun djeung di Indonesia mah memang di eta nagara oge leuwih madjoe sarta leuwih gede, sabab nja eta koe didasarkeun kana karajatan, djadi rajat anoe mariskin pada ngararasa boeahna, hartina eta Cooperatie teh model C o l l e c t i v i s m e (hak bersama) lain tjara dioerang model Cooperatie teh 99 pCt. model I n d u v i d u a l i s m e (hak perseorangan) (?! Red.) theori teh patoekang-tonggong djeung praktijk. Di oerang oge, oepama enja enja hajang aja kamadjoean tina hal Cooperatie, naon banggana lamoen njonto ti eta nagara, nja eta Cooperatie noe make dasar karajatan, hartina Coeperatie anoe dipiboga koe sakoemna rajat, oelah ngan Cooperatie teh dipimilik, dipipoga koe sagolongan atawa doea golongan, anoe baraga modal gede woenhkoel, dus, rajat terlantar tidak diperdoeli. Cooperatie di oerang koedoe bisa njoemponan pangaboetoeh rajat, bisa mangdjoealkeun sakabeh beubeunangan rajat, saperti tina roepa roepa karadjinan tangan, roepa-roepa hasil boemi, da di oerang teh perkara hasil boemi teh teu eleh koe nagara deungeun.

Deui koedoe bisa ngadatangkeun sorangan pangaboetoeh rajat ti nagara sedjen kalawan teu make parantaraan importeur bangsa bangsa asing. Koe djalan ieu, tangtoe loba djelema anoe njeboetkeun ieu atoeran teh koedoe make modal gede, toch ajeuna memang atjan koeat, komo lamoen ngingetkeun rajat ajeuna atjan insjaf kana hal Cooperatie.

Jah, tina hal ieu tangtoe bae moal bisa ngajakeun modal oedjoeg2 bro sakitoe gedena, tapi lamoen rajat atawa pamingpin Cooperatie enjaan hajang noeloeng rajat terlantar, geura prak njieun organisatie anoe hade dina djero Cooperatie sarta sing toelen make dasar rajat oemoem dibarengan kakekelan hate, koe djalan kieu sarta dikeureujeuh, laoen-laoen tangtoe laksana, da dibatoer oge henteu oedjoeg-oedjoeg gede, tapi koe djalan dieutik-eutik. Penoelis jakin, lamoen oerang mapaja djalan djalan anoe tadi, henteu mopohokeun karajatan, sarta ngahoedang-hoedangkeun semanget rajat tina ieu hal, tangtoe eta maksoed teh katepi. Tapi sanadjan kitoe, dina sadjeroning oerang ngadjalankeun Cooperatie, oerang oelah poho kana maksoed oerang anoe soetjinja eta ngoedag daradjat djeung kamoeljaan bangsa djeung noesa.

Sakieu bae heula.

Carbol.

Dinten REBO
Satalen sakali moeat—lima regel
Satalen sakali moeat—lima regel
Satalen sakali moea—lima regel
Satalen sakali moeat—lima regel
Sata Malaise advertentie egel
Sata egel
Sata egel
Satalen sakali moeat—lima regel
Satalen sakali moeat—lima regel
Satalen sakali moeat—lima regel
Satalen sakali moeat—lima regel
Dinten REBO

WASIR — AAMBEIEN — ASTHMA
Kasehatan badan lebih berharga dari harta banda kita.
Djangan poetoes pengharepan, Tabib Jacob toch bisa toeloeng.
PEMBERIAN TAHOE
Jang bertanda dibawah ini Tabib Jacob asal dari Hindoestan, tinggal di A. B. C.-straat 12 A Bandoeng, dengan ini menerangken bahwa ia bisa semboehken segala roepa penjakit dengan tida dipotong (operatie) seperti: Ambeien, Loempoeh, Bol, Asthma, Intjok Penjakit gindjel penjakit goela, Batoek, Radjasinga, Tuberculose t.b.c. Ezceem, (penjakit koreng, gatel en penjakit koelit segala roepa), prampoean jang tida membawa kotor atawa tida tjotjok atawa ada sakit atawa poetihan. Sakit prampoean kentjing nanah. Penjakit mata Lepra. Dysenterie dan semoea penjakit lainnja. Bisa didapet roepa-roepa obat koeat boeat orang lelaki. Bisa semboehken segala roepa penjaki. dari saja poenja obat jang terbikin dari akar akar, daon-daon dan boeah-boeah, sebab saja soedah bertahoen-tahoenan ada practyk, dan saja soeka dapet banjak soerat poedjian dari segala bangsa siapa soeka boleh dateng boeat saksiken sendiri, dan siapa soeka boleh panggil didalem atawa loear kota dan sanggoep mengirim Bestelgoed Rembours.
Memoedjiken dengen hormat, TABIB JACOB
A. B. C. straat 12A — Bandoeng — Telf. 1091
TUBERCULOSE T.B.C.

Tawaran penting!
Satoe koetika baek bagi sekalian Toean-toean, Njonja-njonja dan Nona² jang soeka pembatjaan tjerita² menarik dan penting, dengen mengandoeng faedah dan kegoena'an sebagi penerangan bagi sesoeatoe ROEMAH TANGGA
Kirim sekarang djoega f 1—
aken trima saben penerbitan sampe tjoekoep 17 boekoe tjerita-tjerita pilian dengen franco di roemah.
Soeda sedia penerbitan ka doea di bawah kalimat „TERBALES IMPAS" satoe tjerita jang mengharoeken, gemes dan poeas!
Boleh tjoba sedjilid 12½ cent
Adm. „SHORT STORY MAGAZINE"
Gardoedjati 61/10 E - Bandoeng
Masih bisa dapet penerbitan pertama jalah:
TERKOEBOER IDOEP-IDOEP

# Oedoenan lot Lotre.

Sakoemaha anoe parantos diwawarkeun kamari, wireh gegentosna „SPORT OETEUK" teh bade diajakeun andilan (oedoenan elot Lotre).

Ngadjagi bok bilih seepeun, ieu andilan teh tiasa ditampi ti ajeuna, sing soegri anoe bade ngersakeun ngiring.

Doepi atoeranana kieu:

a. Tiap-tiap abonnés „Sinpas" sadajana noe kagoengan toenggakan atanapi henteu, tiasa ngiring kana ieu oedoenan.
b. Saban-saban oedoenan, atanapi tiap-tiap andil teh, pangaosna f 0 25 [satalen], tiasa ngiring langkoeng ti hidji andil. Oepamina: 2 andil = f 0.50; 3 andil = f 0.75 enz.
c. Sadajana nomer elot, djadi hakna noe ngiring oedoenan, hartosna: kenging sanomer sami sareng kenging sadajana.
d. Saoepami parantos tjaket kana diboekana, nomer lot sareng soegri noe ngiring oedoenan, bade dioemoemkeun dina „Sinpas".

Koe margi eta, sing saha anoe bade ngiring; moegi enggal-enggal ngintoenkeun artos oedoenanana ka Adm. „Sinpas", atanapi kangge abonnés anoe tebih tiasa disarengkeun bari sakalian ngintoenkeun waragadna „Sinpas" bae.

Directie

KLEERMAKER A. MANAP
CHINEESCHE VOORSTRAAT 17 — BANDOENG.
Tjatet ieu adres anoe kasebat diloehoer, njaeta kangge kapentingan para djoeragan oepami bade ngadamel panganggo, soepados njoegemakeun kana manah, margi:
Potongannana rapih, modelna noemoetkeun kana sapamoendoet anoe ngengken, katambih-tambih ongkosna kalintang mirahna noemoetkeun kana kaajaan djaman.
Kadjabi ti eta, oge disajagikean roepi-roepi lawon piraksoekaneun anoe marodel.
Enggal tjarobian! — Diantos-antos pisan!

BOEKOE 100 DO'A
Pangaosna f 0.20 tiasa pesen ka Drukkerij „Economy" Bandoeng

PREANGER Chemicalienhandel
TASIKMALAJA
Ada sedia roepa-roepa minjak wangi, dan lain-lain dari:
Khasana, 4711, Ponds, Yardley, Sherk, Coty, Colgate, Dralle, Houbigant, Dr. Rado, Lentheric, Mury, Cutex, Boldoot, Li, Silvikrin, Stacomb, Piver, Lavenor, Myrurgia etc:

## Hindoe Tabib T. Mohamad

Katja-katja Wetan didepan Pasar Kosambi No. 218 Bandoeng.
Bijkantoor TABIB M. H. A. KHAN, Handelstraat 154, — Buitenzorg

Memberi taoe:

Oewang bisa kembali

Specialist Ambei dan Impotentie (Peloeh) zonder operatie

Tanggoeng bisa baik dalem 15 hari, kaloe tida baik wang kembali.

Djoega bisa mengobati roepa-roepa penjakit, seperti penjakit: Sakit kentjing manis, Rheumatiek (sakit linoe-linoe atawa badan mati separo), sakit mata, sakit batoek basah atawa kering, sesek napas (Asthma), sakit kapoetian, sakit gigi, sakit beri-beri, koreng segala roepa, atawa gatel-gatel, kentjing nanah [Genouria], sakit prampoean (Syphilis) dan lain-lain penjakit, seperti perampoean tida bisa boenting, bisa mengobati sampe boenting.

DJAM BITJARA: dari djam 8 pagi sampe djam 8 malem

N.B. **World Paradise Oil** Ada seroepa obat pelesir boeat orang laki-laki nanti bisa memberi kesenangan jang loear biasa. Harga dari 5 gram f 1,— dari 10 gram f 1,70.

Obat-obat bisa dikirim dengen Rembours.



## Anggoer Ma Tjin tjap S, S. S.

Terbikin oleh Bulgaria Company of New York
(Penoeloeng boeat orang lelaki dan prampoean)




ANGGOER TJAP S. S. S. ada seroepa minoeman jang baek dan soeda terpoedji. Terbikin dari sari boea tertjampoer dengan roepa roepa obat jang moestadjab, rashanja enak dan manis. sedikit poen tida ada tjampoer arak. Orang lelaki dan prampoean, toea dan moeda boleh minoem, bergoena sekali boeat penjakit Pehong, Piansoei, Biri-biri atawa anggota badan pada lemes

Ditanggoeng baek djika tida baek oewangnja pembeli di bajar kombali.

Selaennja bisa toeloeng penjakit terseboet, poen bergoena sekali boeat orang prampoean jang baroe abis bersalin atawa jang dapet kaloeron, goena tjoetji dara kotor dan toelak angin djahat, membikin tambah darah segar dan sehat badan djadi gemoek dan tamba napsoe makan.

Kaloe toelang merasa sakit, moeka poetjet dan orang jang koerang tidoer atawa orang jang soeka banjak plesir dengan prampoean, baek minoem, ini ANGGOER, tentoe tida bisa dapet bahaja. Orang jang abis „bekerdja" malem perloe minoem 1 gelas ketjil, di tanggoeng tida bisa kena penjakit dan badan tida bisa masoek angin, djadi segar dan moeka tamba bertjahaja.

Teroetama boewat penjakit lemah dan koerang dara, ANGGOER ini ada dipoedjkan betoel. Boeat roepa-roepa penjakit Bengkak, Pegal dan Meloeang, dalam sedikit waktoe sadja orang jang minoem ini Anggoer NANTI DAPATKEN BOEKTINJA.

Atoeran minoemnja ada di terseboet Etiket botol.
Orang boenting boleh minoem.
Dimana-mana Roemah obat bisa dapet beli

GOENA BOEAT ORANG PRAMPOEAN.

Menjotjoken dateng boelan, tanem bibit pranakan. Dateng boelan tida tjotjok. Masoek angin waktoe bersalin. Kepoetian dan kloear dari mera boetek. Dara bergoempel. Dara kloearnja memboros banjak. Pranakan di ngin dan kosong. Soeda lama tida berhenti. Dateng boelan perot sakit. Kaki tangan sakit dan pegel. Boekoe Toelang sakit. Hongsip. Moeka poetjet berwarna idjo. Koelit moeka pias koening kering. Koeping berboenji ramboet rontok.

GOENA BOEAT ORANG LELAKI.

Pinggang sakit, pinggang linoe, Napas dan dara koerang koeat, Kesehatan semanget tida tjoekoep. Banjak goenaken pikiran dan tenaga Tangan kaki tida ada kekoeatan. Manik kering dan koerang. Moeka poetjet badan koeroes. Kekoeatan ati dan dara koerang. Kepala poesing, mata gelap Malem banjak kloear keringet dingin. Mengloearkan manik waktoe mengimpi. Kelakian tida koeat. Tida napsoe makan of minoem. Kaki tangan merasa lemes dan pegel.

Harga 1 Flesch besar f 2.25 — Flesch ketjil f 1.25
„ 1 doz. Flesch besar f 22.— — Flesch ketjil f 12—

Hoofdagent boeat Ned. O. I.

**Roemah obat Ban Ka Tjoen**
KANOMAN No. 21 A — BANDOENG.

Bisa djoega dapat dimana Agent-agent.

Di Bandoeng pada: Pan Sioe Tjoen, Passarstr 8 dan di Tay Seng Tong, Astanaanjar 6.
Batavia pada: Thay An Ho Thay An Tong dan Ban Seng & Co.
Di Garoet pada: Heng Ho Tong.
Di Tasikmalaja pada: Taij Ho Tong
Di Djokjakarta pada: Tek An Tong
Di Soekaboemi pada: Po Tjoe Tong
Di Tjimahi pada: Po An Tong
Di Tjiandjoer pada Eng Seng Tong
dan di Cheribon pada: Tiong Bie Yok Pong dan Eng Ho Tong



Kangge ngagampilkeun ka noe baranggaleuh, ajeuna parantos diboeka deui hidji toko di Wester Pasarstraat No. 6 Bandoeng, kalajan nganggo merk:

## Djamoe Handel Mevr. „KHOE".

Sing soegri anoe teu atjan njobian ngagaleuh djadjamoe dadamelan pribados, moegi kersa enggal ngadamel pertjobian, tangtos engke tiasa karaos kanoe estadjabarana eta bandong.

Koemargi kitoe, ti ngawitan ping 20 Januari doegi ka 10 Februari 1935, pribados ngabatoeranan reductie 25% tina sadaja pangaos djadjamoe, soepados njandak Bon bae, sapertos noe aja dihandap ieu:

BON

Ieu Bon didjalankeunana (padjengna) doegi ka ping 20 Januari 10 Februari 1935.

Bade dibatoeraran reductie 25% soegri noe ngagaleuh djadjamoe ka toko pribados dina iket waktos noe kasebat diloehoer.






PANGKOER.

Sedja njaba ngalalana,
Ngitoeng lemboer ngadjadjah milang nagri,
Barangna patoempoek-toempoek,
„Heh, Paman sadaja,
Na ti mana saroeng MOERAH toer ARALOES??",
„SAUDARA-OESAHA" koelan!
Merkna Tjap: „SATOE-HATI".

Mangga, Djoeragan tjobian,
Etang-etang noeloeng oesaha priboemi,
Kiat ditanggel teu loentoer,
Tjek babasan tea mah:
Nadjan oerang ti boetak nepi ka doegoel,
Sindjang: „SAUDARA-OESAHA",
Moal gentos-gentos roepi.

Diadjeng-adjeng pisan pangdeudeul para Djoeragan sadaja koe

**Coöperatie Tenoen Boemipoetra: „SAUDARA OESAHA"**

Madjalaja — Bandoeng

Hoofdkantoor: Regentsweg 42, telefoon: 1722 atanapi ka Importeur: „N.V. Borneo-Sumatra Handelsmy," Batavia.





## Tiloe roepi kekengingan anoe parenting.

Di kalangan pasal oebar-oebaran

1. 914 Tablet pikeun ngoebaran Syphilis djeung ngabersihan getih kotor.
914 tablet mah didjieunna teh lain bae bisa njegah datangna koetoe-koetoe syphilis, tapi oge bisa kalawan gantjang maehan ratjoen-ratjoen noe ajadina getih.
914 tablet ngadjaga karoeksakan badan, beungeut djeung sedjen-sedjen anggahota anoe dilantarankeun koe pagaweanana eta bacil-bacil tea.
2. Santali Anticonol njaeta hidji oebar anoe moestadjab pikeun ngoebaran panjakit njeri kiih.
Santali Anticonol ngabersihan nanah-nanah djeung koetoe-koetoe noe aja dina djadjalanan kiih, kalawan gantjang
Santali Anticonol didjieunna henteu ditjampoeran koe minjak Sandalwood, nepi ka henteu ngaganggoe kana napsoe barangtoeang.
Harga 1 botol noe dieusi 20 pel f 1,— salosin f 10,—
3. Conwemeg tablet speciaal didjieun pikeun ngarah koeat zenuw, ngoeatkeun gigindjel, pendekna bisa mere kakoeatan kana badan.
Harga 1 botol noe dieusi 40 tablet f 2,— salosin f 20,—

Atoeran-atoeran makena aja di djero boengkoesanana.

Tiasa ngagaleuh ka Toko-toko sareng Roemah Obat Tiong Hoa mana bae, atawa pesen koe andjeun ka

184 HOOFDAGENT

**Med. Import Sam Tak Co.**

Tjantian No. 111 — Soerabaja



## Loterij artos

Loterij Beureum Hoofdprijs f 100,000 anoe kenging 267 prijs-prijs.
Lotery Bodas Hoofdprijs f 50,000 anoe kenging 562 prijs-prijs.
Hojong beunghar? Kintoen artos per postwissel, 1 lot f 11,75 ½ lot f 6,10 ¼ lot f 3,50

Aannemers Bureau
— D. SIHOMBING & Co. —
Kebon Djatiweg 5 — Tel. 2185
BANDOENG.
—o—

N.B. Salamina nampi padamelan: Ontwerpen, uitvoeren, Herstellen boemi alit sareug ageung, Toko, Kantoor, Fabriek, Hotel, Schoolgebouw s.d.t.



## Sinshe So Sok Ping

Tempat trima tetamoe di
GARDOE-DJATIWEG No. 47
BANDOENG.
—o—

Bisa semboehken penjakit terseboet dibawah.

Roepa-roepa penjakit jang aneh
Penjakit Zenuw atawa gila.
Penjakit Pektaij dan tida boenting.
Kentjing manis.
Loear dan dalem wasir.
Roepa-roepa penjakit orang Prampoean, penjakit anak-anak.
Penjakit Syphilis (Radja Singa).
Batoek darah dan laen-laen penjakit batoek.
Beroerte atawa piansoei.
Penjakit Sekhong d.l.l. penjakit kena angin.



REPARATIE ATELIER

**„DE COMBINATIE"**

— Pasar Tasikmalaja. —

Trima abonn. speda f 0.50 satoe boelan, pakerdjaan soedah terkenal.

W.K. Bäumer

279








## Bouwmaterialen - Houthandel & Administratiekantoor „TAMAN SARI"

TASIKMALAJA TJIAWIWEG — TELEFOON No. 35

Njajagikeun saneskanten materialen keur midamel boemi, apoe — bata — keusik — batoe — kai djati — Kenteng boewatan Machine anoe katjida aloes sareng pohara kiatna, ditintjak moal peupeus, tiasa ka anggo nepika boejoet-boejoet; deui roepi-roepi buis tanah kakiatanana sami sareng beton.

Tjontona aja di Tasikmalaja Kantoor Alg. Volkscredietbank
Toko SOEN HOAT Pasar Baroe
Bandjar: LAUW DJIN
Tjiamis: Toko Djoeragan SOEBITAATMADJA

1



## DITJARI

Seorang Indonesier jang mengerti sedikit bahasa Belanda (kaloe bisa) dan jang boleh dipertjaja oentoek diangkat sebagai kewasa (beheerder) dari satoe drukkerij, dengan gadjih moelai f 35.— dan dapat vrije woning.

Jang bisa diterima, tjoemah jang bisa stort wang contant f 1000.— (boekan sawah atawa tanah).

Keterangan lebih djelas boleh diminta pada:

Administratie „GALIH PAKOEAN"
Pakai No. 99 b.



MALAISE TINGGAL MALAISE

Kasehatan badan ada lebih berharga dari pada wang
Ini dia roemah obat jang selamanja ada sedia obat mandjoer dan moestadjab. Kaloe tida oeang dapat kombali.

## G. M. Sjech Amanat Sahib

KEBON DJATIWEG 114, FABRIEK KOFFIE — BANDOENG

Saja bisa mengobati segala penjakit zonder potong atau operatie bakar baek dalam atau diloear badan, jang masi baroe ataupoen jang soedah lama, baik anak-anak atau orang toewa, saperti sakit Bawasir, Aambeien sakit Kentjing, sakit Prampoean, Mengi, Medjen, sakit Gigi, sakit Mata, oeloe hati, laki-laki jang soedah ilang tenaga kering, Napas sesak, oeloe hati, laki-laki jang soedah ilang tenaga koerang sahwat, prampoean jang keloear kotoran boelanan tida tjotjok atau keloear kotoran poetih dan banjak lain-lain penjakit terlaloe soesah boeat diseboetkan disini.

254

## HARGA OBAT-OBAT

Poeder ramboet item f 0.75 Boeat dihitamkan ramboet, goena boeat orang toea, kelihatan moeda gagah, toea mandjadi moeda, kalau tida djadi itam boleh kasi kombali wang,

Minjak adjaib f 0.50 Boeat sakit kepala poesing, sakit peroet, sakit hoeloe hati, dada sesak, sakit gigi, sakit angin, ini obat boleh makan, boleh gosok dimana ada sakit didalem 1 menit tahoe rasa. Boeat orang besar 2 tetes, boeat anak-anak 1 tetes.

Telsam f 0.50 Boeat sakit kepala poesing atau sakit kepala setengah. ini obat bisa bikin baik begitoe matjam penjakit dalam 2 me serta ini oba bisa bikin baik sakit pilek of salesma.

Obat mata f 0.50 Ini obat goena boeat mata kaboer, mata merah dan mata jang keloear aer kotor,

Obat tjabja Joesoep f 1.25 Ini obat bisa hilangken djerawat dari moeka. Ini obat bisa hilangken hitam dari moeka. Ini obat bisa lemasken dan litjinkan moeka. Ini obat kalau tida toeroet seperti di atas boleh kasih koembali oewagn.

Make the white tooth same pearl boeat tjoetji bersih gigi f 0.50 Saboen hilangken ramboet f 1.— Zalf boeat koerap f 1.— Shampon obat boeat bersihken ramboet f 0.50. Obat Atshma f 2,50-f 1.25, Obat ramboet pandjang f 1.— Ramboet krinting f 1,— Sirop Himalaja, boeat prampoean tida dapet kotoran tetep of kotoran poetih harga f 25.—, Sirop Atshma, boeat sakit sesak nafas mengi harga f 25.—

Roemah Obat diboeka saban hari dari djam 8 pagi sampe djam 8 malam. Djoega bisa dipanggil ke roemah, priksa penjakit zonder ongkos asal sadja bajar ongkos trantsport.

Dan toean-toean en njonja-njonja jang diloear kota djikalau perlor pakai obat dari saja, bisa dapat dengan rembours asal kasi terang penjakit dan oemoer dan adres jang terang, dan djoega diminta kirim voorschoe f 2,50 nanti obat saja kirim dengan Rembous.



## Nembe kaloewar

KITAB

AL-MISBAH

BAGIAN KA HIDJI

Ieu kitab njarioskeun 'ilmoe Tauhid, 'ilmoe 'Ibadat sareng 'ilmoe Achlaq, sarta nganggo katrangan-katrangan tinoe djadi asasna (pokona) agama Islam (Al-Qoer-an) sareng Hadits sahih.

Ajat-ajat Qoe-an sareng Hadits-Haditsna, diserat koe aksara Arab, di terangkeun koe basa Soenda, nganggo aksara Walanda.

Boekoe „AL MISBAH" ieu, babakoena kanggo noeloengan kaom Moeslimin noe teu sabaraha kenging pangadjaran tina ilmoe agama Islam, atanapi noe henteu pisan. Insjaa-Allaah, koe leukeun kersa ngaos ieu boekoe, arandjeun tiasa kadjagi tina kakaliroean dina ngagem agama Islam.

Pangaosna kalintang mirah, moeng f 1,— (saroepia). Noe moendoet di kintoen, kedah artos tipajoen, ongkos moal njesahkeun.

Noe ngantos pesenan
MH. ROMLI
Di Gang Asep 60/19 a — Bandoeng.


PERPUSTAKAAN NASIONAL REPUBLIK INDONESIA

# SORA PERS

## Tigerat matjem.

Kamari dina Sora Pers, koeng si dimoeatkeun, jen: lamoen ti gerat geus andjog, soeal-soeal noe araraheng teh, tarembong koe maneh, geuning „Raden" oge nepi ka aja obralna.

Ajeuna B.T. ngamoeat hidji kabar „aheng" saperti noe kaoe ni di handap ieu:

### Tjoeri Roemah.

Dari Padang dikabarkan:

Dalam kampoeng Titi Koening, satoe pendoedoek telah kosong roemahnja sebab menginap pada familienja dekat Siantar.

Waktoe ia kembali, maka ia sangat terperandjat boeat meli hat roemahnja soedah tidak ada!

Dari itoe roemah berikoet pe rabotanja tjoema ketinggalan djoe binnja jang dari papan.

Tapi orang-orang jang lakoe kan ini pentjoerian aneh ketahoe an dan bakal ditarik depan pe ngadilan.

Saleuheung maling moending onaman, masih keneh beunang ditoengtoen, tapi ari maling imah mah, asa kakara ngadenge ajeu nal.

Depressie poenja sebab ?!

---

noe maksoedna nahankeun sangkan eta hal teh oelah kadjadian. Demi anoe dipake alesan, tjoemantel djeung kamadjoeanana kota Bandoeng.

Tapi, koelantaran katimbang jen Madioen leuwih penting manan Bandoeng, kapaksa werkplaats S.S. di Madioen henteu bisa dileungitkeun.

Minangka pikeun gaganti werkplaats S.S. di Bandoeng teh, directeur Verkeer en Waterstaat baris voorstel ka Pamarentah, malar mindahkeun hidji laboratorium noe ajeuna aja di Batawi di ka Bandoeng-keun.

Ieu voorstel koe Pamarentah geus dikaboelkeun, njaeta Laboratorium ti Waterloopkunde noe aja di Tandjoeng Priok ka Bandoeng.

Demi kaperloeanana, lain ngan sakadar geusan mere pagawean bae, tapi bisa dipake pikeun studie ti Technische Hoogeschool di ieu kota.

---

### Barang barang timoe.

Barang-barang anoe kapanggih ti djadjalanan atawa anoe katinggaleun dina saroepaning toetoempakan ti mimiti tanggal 20 nepikeun ka tanggal 26 Januari 1935, koe noe boga hak kana eta barang-barang bisa ditjokot ka kantor Politie di Tjitjendo No. 27, waktoena oenggal powe ti poekoel 8 isoek - isoek nepi ka poekoel 10 beurang, kadjaba dina powe Minggoe atawa dina powe anoe dimoeljakeun (hari besar).

Tjatetan eta barang-barang teh njaeta saperti anoe diberendelkeun di handap ieu:

2 topi laken.
Sapasang sapatoe awewe.
1 loket sport.
1 topi laken awewe djeung sa pasang sapatoe.
1 pajoeng hideung.

---

### Gang Rais teu aman?

Noeroetkeun bedja, Gang Rais anoe aja di Padjagalan, dina waktoe - waktoe ieu beunang oge diseboetkeun teu aman, lantaran koe ajana gowok (tempat) kembang djalan di dinja, noe imahna aja di sisi eta gang rea noe kaganggoe katengtremanana, ari kitoe tea mah sirikna beurang peuting eta gang dipake milir moedik koe djelema roepa - roepa bangsa, malah oepama ti peuting mah rea anoe tjotjorowokan, heheotan, estoening gandeng anoe lain meumeueusan.

Anehna, noe daratang ka eta gang teh bet rereana bangsa baroedak sakola noe keur mareudjeuhna bae, sirikna oenggal poë abroel abroelan.

Ari koe kitoe tea mah moenasabah bae, sababna — noeroetkeun bedja — baroedak baroedak sakola noe sok daratang ka eta tempat teh bane be koe noe djadi kembang djalanna sirikna teu diolo-olo, dibeuli-beuli, roepana pangna kitoe tea tina aja pangarahanana (? Red.)

Kangge ngagampilkeun ka noe baranggaleuh, ajeuna parantos diboeka deui hidji toko di Wester Pasarstraat No. 6 Bandoeng, kalajan nganggo merk:

**Djamoe Handel Mevr. „KHOE".**

Sing soegri anoe teu atjan njobian ngagaleuh djadjamoe dadamelan pribados, moegi kersa enggal ngadamel pertjobian, tangtos engke tiasa karaos kamoestadjabanana eta landong.

Koemargi kitoe, ti ngawitan ping 20 Januari doegi ka 10 Februari 1935, pribados ngahatoeranan reductie 25% tina sadaja pangaos djadjamoe, soepados njandak Bon bae, sapertos noe aja dihandap ieu:

**BON**

Ieu Bon didjalankeunana (padjengna) doegi ka ping 20 Januari 10 Februari 1935.

Bade dihatoeranan reductie 25% soegri noe ngagaleuh djadjamoe ka toko pribados dina lebet waktos noe kasebat diloehoer.

Koe ajana ieu toelisan, sepoeh sepoeh anoe karagoengan poetra anoe keur sarakola, moegi atos atos dina enggoning ngadjagina, bok bilih djanten matak ka noe djanten poetra, anoe ahirna dina enggoning ngoelik pangartina teh ginoeloer melengkoeng bekas nja lahan.

Koedoe koemaha atoeh ditoem pesna prostitutie?

Njanggakeun ka noe wadjib!

---

## INDONESIA

### Programma perdjalanan Soenan Solo.

Njamboeng kana bedja anoe geus dimoeatkeun dina ieu soerat kabar, jen Soenan Solo bakal ngajakeun perdjalanan ti mimiti powe Saptoe tanggal 26 Januari.

Sangkan tetela pisan ajeuna oerang berendelkeun kabehanana.

**Saptoe tg. 26 Januari:**

Poekoel 9,40 isoek noenggangan kareta eendaagsche anoe speciaal ngaboedjeng ka Tjirebon koelemna di Hotel Ribberink.

Isoekna poekoel 10 deui ngaboedjeng ka Bogor. Tapi ti Meester andjeunna noenggangan mobil.

Di Bogor Soenan lilana 3 powe. Koelemna di Hotel Dibbets.

G.K. Ratoe Pembajoen mah di karaton G.G. nepi ka tanggal 29 Januari.

**Senen 28 Januari:**

Soemping ka karaton G.G. sarta poekoel satengah satoe dihormat toeang leueut sakoemaha biasana.

**Salasa 29 Januari:**

Soemping ka Kebonradja (Plantentuin), Museum djeung pasosorena soemping ka gedongna Algemeene Secretaris P. J. Gerke.

**Rebo 30 Januari:**

Poekoel 9 isoek dina mobil angkat ka Batawi. Lilana di Batawi 5 powe sarta koelemna di Hotel des Indes.

Peutingna kira poekoel 8 - 9 andjeunna soemping ngoeninga ka gedong Raad van Indie kalawan dihormat koe sababaraha anggotana djeung para pangagoeng anoe sedjenna.

**Kemis 31 Januari:**

Isoek-isoek ngoeninga ka *Aquarium* di Pasar Ikan.

Peutingna poekoel 8 - 9 - 10 receptie di gedong Volksraad, di dieu andjeunna maparin kasempetan ka sing saha bae anoe palaj nepangan andjeunna (nepangkeun).

**Djoemaah 1 Februari:**

Peutingna angkat ka Consul Inggris djeung Italie.

**Saptoe 2 Februari:**

Ngaso.

**Ahad 3 Februari:**

Isoek-isoek poekoel 10 angkat deui ka Loear Batang nja eta ka koeboeranana Sajid Idroes djeung kapetengan si Djagoer.

**Senen 4 Februari.**

Poekoel 4 sore ka Tandjoeng Prioek sarta teroes toenggang ka pal Both neraskeun perdjalananana ka Lampoeng.

Isoekna poekoel 6 loengsoer di Oosthaven sarta sanggeus noenggangan mobil teroes ka Tandjoeng Karang.;

Andjeunna katoet para paingringna koelem di Hotel Juliana, lilana 4 powe.

**Rebo 6 Februari.**

Isoek - isoek ngamimitian poekoel 10 pelesir ngoeninga di sakoeliah Tandjoeng Karang djeung Teloekbetoeng.

Peutingna poekoel 8 soemping ka gedongna Resident H R. Rookmaker.

**Kemis 7 Februari.**

Poekoel 9 isoek ka gedong Tataan, 22 Km, ti Tandjoeng Karang, nja di dieu pisan tempatna kolonisatie.

**Djoemaah 8 Februari.**

Poekoel 9 isoek soemping ka pabrik tambang [batoe areng, karet djeung peti di Natar, 13 Km. ti Tandjoeng Karang).

**Saptoe 9 Februari.**

Peutingna poekoel 8 moelih deui ka Batawi dina kapal Both.

Isoek-isoek soemping ka palaboean Tandjoeng Prioek.

Ti dinja teroes kana sneltrein anoe poekoel 9.49 ti Tandjoeng Prioek ka Bandoeng anoe pisoempingeunana ka Bandoeng poekoel 12.50.

Di Bandoeng lilana doea powe koelemna di Hotel Homann.

Peuting poekoel 9 nepangan ka Legercommandant.

**Senen 11 Februari:**

Poekoel 2 isoek ka kawah Tangkoeban Parahoe.

Peutingna nepangan ka Prins Paribata anoe ajeuna aja di Bandoeng.

**Salasa 12 Februari:**

Moelih ka Solo noenggangan eendaagsche anoe inditna poekoel 7 isoek sarta nisoempingeunana ka Solo poekoel 2.41.

Sakitoe programma perdjalanan Soenan Solo teh. (Sip)

---

### Woekerbedrijf

Toean van Helsdingen geus ngasongkeun noenoehoenna ka Pamarentah, tjenah: „Naha Regeering geus sajagi pikeun ngoesiran oerang-oerang asing noe ajana di Indonesia toer woengkoelanngadon ngarenten-reutenkeun doeit?"

---

### Lentah Darat di Desa-Desa

Djr. Soetardjo koengsi njanggakeun patarosan ka Pamarentah, noe kieu oenina:

„Dina hidji artikel noe dimoeat dina A.I.D. tg. 18 Dec. '34, diterangkeun, jen ajeuna hidji oerang Eropa noe matoehna di Soekamiskin geus ngadjalankeun praktek sebagi lentah darat.

Di district - district: Oedjoengbroeng, Tandjoengsari djeung Tjitjalengka geus aja 248 oerang anoe djadi korban, sarta tiantarana aja 40 oerang anoe kaleungitan imah katoet kakajaanana.

Steller hojong kenging katerangan, naha Pamarentah parantos sajagi ngajakeun panaloengtikan sareng ngawawarkeun ka Volksraad tina eta kadjantenan teh?

---

### Dienst Mijnbouw.

Via „Java Bode" S.O. meunang bedja, jen sakeudeung deui bakal diajakeun pangoeroedan di dienst mijnbouw. Bisa djadi geologischtechnisch onderzoek bakal dieuweuhkeun, sarta doea insinjoer djeung sababraha pagawe di dinja bakal dipindahkeun ka sedjen afdeeling. Oge insinjoer insinjoer Van Houten djeung Westerveld ti sedjen tjabang taoen ieu bakal mios kalawan verlof djeung achirna dipasihan wachtgeld.

---

## KAAJAAN DOEIT NAGARA

| | Dina mimiti taoen 1935 | 19 Jan. 1935. | 15 Dec. 1934. | 20 Jan. 1934. |
|---|---|---|---|---|
| Belegging overtollige kasmiddelen der zelfbesturen | f 1.760.000.— | f 1.610.000.— | f 1.760.000.— | f 1,116,313,75 |
| Uitgeven schatkistpapier | „ 13.785.000.— | „ 12.785.000.— | „ 13 785.000.— | „ 16,540,000,— |
| Muntbiljetten in omloop | —,— | —,— | —,— | „ 1,141,566,— |
| Rijksvoorschotten aan Ned. Indië | „ 119.866.000.— | „ 117.785.000.— | „ 126.854.000.— | „ 249,649,000,— |
| Debetssaldo bij De Javasche Bank | „ 1.487.078.74 | —,— | —,— | —,— |
| Beleggingsgelden v/h Ned. Indië Muntfonds | „ 1.760.000.— | „ 2.492.000.— | „ 2.492.000.— | „ 1,417,000,— |
| Beleggingsgelden v/d Ned. Indië Postspaarbank | —,— | —,— | —,— | —,— |
| | f 138.658.078.74 | f 134.092.000.— | f 144.891.000.— | f 269,863,879,75 |
| Crediet bij De Javasche Bank | —,— | „ 991.894.54 | „ 1.398 536.30 | „ 4,806,295,72 |
| Crediet bij 's Rijks schatkist | —.— | —,— | —,— | —,— |
| | f 138.658.078.74 | „ 133.100.105.46 | f 143.492.463.70 | f 265,057,584,03 |
| Saldi der landskassen in Nederlandsch Indië | „ P. M.*) | „ 57.158.472.87 | „ 56.285.616.57 | „ 72.532.099,60 |
| | -.— | f 75.914.631.59 | „ 87,206.847,13 | f 192.525.484,43 |

*) Staten C 6 tatjan katarima.




Bisa dapat beli di semoea Apotheeken en Drogisterijen:

Toko Obat Tjap Matjan

**ENG AUN TONG**

MOLENVLIETWEST — TELEF. 1090 — BATAVIA.

---

### Lid Volksraad anjar

Dina pamilihan lid Volksraad pikeun bangsa asing geus kapilih para djoeragan: Yo Heng Kam, H.H. Kan djeung Mr. Ko Kwat Tiong.

---

### Drs. Mohammad Hatta

Powe kamari isoek-isoek tjek B.T. kira-kira satengah doeabelas Drs. Moh. Hatta geus dibawa ka Hoofdbureau van politie sarta di anteurkeun koe hidji politie Walanda djeung hidji Indonesier, anoe make pakean biasa.

Di Hoofdbureau van politie, geus ditanjakeun ka Drs. Moh. Hatta saha anoe rek ditjandak koe andjeunna ka tempat boeangan. Drs. Moh. Hatta atjan bisa nangtoekeun, nepi ka angkatna oge atjan bisa ditangtoekeun

---

### Perkara Born.

Perkara noe maehan Born tea, noeroetkeun papariksaan Raad van Justitie di Semarang dina powe saptoe 26 Januari n a.k., Openbare Ministerie geus ngasongkeun permentaanana, soepaja sakitan-sakitan anoe baroga dosana, ditibanan hoekoem pati.

---

### Moluksche Politiek Verbond.

Noeroetkeun kapoetoesan vergadering taoenannana „Moluksche Politiek Verbond", geus moetoeskeun jen ieu pakoempoelan teh diganti ngaranna djadi „Moluksche Verbond" sabab dina praktekna, tjenah doemeh make ketjap politiek teh, noe enja mah anggoer matak giras pikeun djalma-djalma anoe arek arasoep.

---

### Soentikan pest di Garoet

Di Garoet meunang bedja djoemblahna noe marenta di soeatik pest teh beuki loba bae.

Dina powe kadoewana aja 2500 oerang sedeng dina powe katiloe 3000, malah harita oge kakoerangan oebar deui bae.

---

### Soenan Solo di Mr. Cornelis

Nalika Soenan Solo rawoeh ka Mr. Cornelis, perhatian djalma rea lain saeutik-eutik.

Njakitoe deui Gegeden-Gegeden Indonesier katoet Europa sami-sami mapag.

Sarawoehna ka Bogor oge, ampir henteu beda.

Salami di Bogor Soenan Solo teh, linggihna di Hotel Dibbets.

---

### Goela Java.

Noeroetkeun wawaran Aneta, tjenah goela-goela kaloearan Java ajeuna beuki tambah madjoe bae.

PERPUSTAKAAN NASIONAL REPUBLIK INDONESIA

# OBAT TJAP MATJAN



oesir roepa² penjakit!

Obat tjap Matjan tida boleh tida ada di toean poenja roemah, kerna tida ada obat lebih baek boeat semboehken Rheumatiek, sakit boekoe toelang dan spier, kasaleo dan pilek dari pada ini obat oemoem. Djoega boeat laen-laen penjakit dan ganggoean obat tjap Matjan ada mandjoer. Tjoba soeroe toean poenja boedjang beli boeat f 0.25 satoe goetji ketjil Obat Matjan. Toean pasti aken dapet kafaedahan dari ini.




Dalem goetji ketjil merah dan poeti

**OBAT TJAP MATJAN**

**Bisa terdapet di semoea apotheek dan drogisterijen.**

**ENG AUN TONG** MOLENVLIET W. 174 — TEL. BAT. 1090



## DIAMONDSHOWROOM

## M. WITSENHUYSEN

LOGEWEG 14 TELFOON 777

dimoeka roemah Setan, perapatan kantor Waterleiding

### Toean soeda tahoe ?

BAHWA

I. Kita poenja ongkos bikin perhiasan AMAT MOERAH SEKALI.

II. Di toko lain tidak akan dapat semoeah itoe.

| | | | |
|---|---|---|---|
| III. Ongkos bikin | tjintjin belah rotan | 1 bidji | f 0,40 |
| „ „ | „ „ „ | 2 „ | f 0,75 |
| „ „ | gelang model oeler | 1 „ | f 1,50 |
| „ „ | Leontine | 1 „ | f 2,— |
| „ „ | Keraboe (giwang) | 1 pasang | f 2,— |
| „ „ | Tjintjin markies | 1 bidji | f 2,— |
| „ „ | Giwang markjes | 1 pasang | f 2,50 |

IV. Kita ada sedia BRILLIANT toelen. Brilliant terlepas dari moelai fl 12,— per karaat Tiap-tiap pembeli dapat soerat garantie (tanggoengan)

V. Toean bisa djoega beli ZONDER OEANG. Toean bawa sadja barang-barang toean jang lama-lama, dari mas atau perak, dan toean bisa toekar dengan brilliant kita atau apa jang toean soekai.

VI. Toean, setiap waktoe ditoko kita WELKOM maoepoen toean beli atau tidak.

VII. Toean bisa tanja harga barang-barang kami, dengan tida diwadjibkan beli.

VIII Personeel kita bisa omong Melajoe Riau, Minangkabau, Soenda, Djawa d.l.l.

IX. Kita poenja sijsteem BANJAK DJOEAL SEDIKIT OENTOENG.

Kita toenggoe kedatangan toean dan njonja dengan hormat



## PIL PELOR SPECIAAL OBAT Pil sakit kentjing




Ini pil boeat orang sakit kentjing nanah, dan kentjing darah (Kek Lim). Toean-toean semoeahnja tjobalah ini obat jang moestadjab sekali dan djikalau toean-toean bisa makan ini obat satoe botol, penjakit jang terpeboet itoe ditanggoeng bisa baek sama sekali dan 1 g kaloe senjakit soedah lama kita tanggoeng djikalau habiskan 2 atau 3 botol di tanggoeng bisa baek teroes samasekali penjakit jang di dalem badan.

Atoeran makannja

3 kali sehari 2 Pil sekali, dengan aer Thee atawa beras, sama katjang idjo direndem minoem sarinja sadja moesti pantrang djangan makan jang manis-manis goreng-gorengan, dan arak.

237 Harga 1 Flesch f 1,50

HOOFDDEPOT

Roemah Obat **Heng Tjoen Tong**

Pasar Baroe Gang A. F. C. No. 18 Tel. 2442 - Bandoeng.

Agent-agent dari laen-laen tempat.

Ban Seng & Co. Batavia, Tai Aan Hoo Batavia, Thay Hoo Tong Batavia, Thij Hoo Tjoen Pasar Senen Batavia, Tong Tjee Tong Pasar Baroe Bd., Po Tjoe Tong Soekaboemi, Ban Aan Tong Soekaboemi, Thian Jan Sioe Garoet, Thai Hoo Tong Tasikmalaja, Ek Gwan Tong Tasikmalaja, Tek Aan Tong Djokja, Tjee Aan Hoo Pekalongan, Thai Tjoen Ho Pekalongan, Eng Hoo Tong Chribon, Tiong Nam Chribon, Eng Tai Hoo Semarang, Tjio Seng Tong Semarang, Eng Thai Hoo Solo, Eng Thian Hoo Solo, Eng Tjee Ho Madioen, Eng Tong Hoo Malang, Wie Leng Dje Ong Soerabaja, Eng Thai Hoo Makasar.



## Oelah pondok emoetan

Margi aja British Indian Tabib, naoe sanggem ngalandonga: sanes kanten panjawat lami atanapi enggal keneh kalajan henten ngagoenakeun Diboelak-dibelek (Operatie, sapertosu *Komper sabeulah, asthma, aambeien, gigindjel kasawat kahampangan kaloearan kokotor noe parantos lami atanapi enggal keneh, Radja singa loempoeh* (roepi-roepi panjawat atanapi T.B.C.) *Roepi-roepi panjawat dina koelit, para istri anoe henteu tangtos dina roeseban.*

*Importentie* (pameget anoe kirang kiat, sapertos peloeh).

Sadajana landong-landong dipidamelna tina akar-akaran dangdaoenan.

*Tiasa ngintoen landong koe Rembours, sareng tiasa disaoer ka loear atanapi dilebet kota.*

Kairing koe kahormatan

*Saniasi Jogie Medical Hall*

Hoofdkantoor: TABIB CHALIK West Passarstraat 30—Bandoeng

Bykantoor: A. Fachroedin Sawah Besar No. 14 — Batavia Centrum —



## Nawiskeun !

Di Toko gagadoehan salamina njajagikeun entjit-entjit: Paris — Crepe de Chine — Crepe Maroken — toerta kembang²na model kaajeunakeun, wedalan t. 1935. Oge sajagi raksoekan wol anggo'eun Istri-istri.

Disoehoenkeun kalajan hormat, moegi-moegi para Djoeragan Istri-pameget, sa-teuatjanna saroemping ka Toko-toko sanes, soepados kersa sarindang ningalian sareng baranggaleuh ka Toko gagadoehan. Ditanggel ngagoembirakeun!

TOKO „JAVA"

Pasar-baroe 76 Pajoeneun Pasar Bandoeng

Ngitjal roepi-roepi entjit: — raksoekan wol - Koffer-koffer beusi— koffer-koffer wadja Koffer Fibre — enz.



## Toko jang paling baroe

ialah:

## „TOKO SHANGHAI"

Singaparnaweg 34 — Tasikmalaja

Pada siapa toean-toean dan njonja² akan boleh memilih roepa roepa tjita-tjita, trico Tiongkok, kaen saloer, soetera dan segala barang klontong.

Harga moerah menoeroet zaman malaise

Djoega saban minggoe ada terima barang jang baroe JANG MEMOEASKAN. Tjobalah toean-toean dan njonja-njonja saksikan datang pada toko kita

Jang menoenggoe pesenan

*„Eigenaar Toko Shanghai"*

„Tan Hay Oh"



## DRUKKERIJ „ECONOMY"

OUDE KERKHOFWEG No.16

NAMPI ROEPI-ROEPI PADAMELAN TJITAKAN NOE ALIT SINARENG AGEUNG, OGE DISAJAGIKEUN LETTER ARAB. PANGAOSNA DI TANGGEL MIRAH MANGGA TJOBIAN





## BOERISRAWA

Anggitan: MOECH. A. AFFANDIE.

(Nadruk verboden).

10)

### ASMARANDANA.

166. Tara daek kilir-kilir, ditjangtjang teu diparaban, tah koe djalan eta Raden, oelah boentoe pangharepan, ejang sanggoep noeloengan, sok sangkan kaoentoen tipoeng, laksana kapidoeriat.

167. Andjeun ka Soembadra Dewi, pek apalkeun koe sampean, ieu ejang mere djampe, asihan Pamoeragama, ageman pra Djawata," tansah bingahna kalangkeeng, Raden anom Boerisrawa.

168. Enggalna bae digoerit, Boerisrawa prantos apal, djampe asihan pamelet, Pramoni deui ngandika: „Soekoer Raden geus apal, ajeuna mah boeroe lakoe, geura djoegdjoeg Madoekara.

169. Lamoen geus datang ka nagri, pek watek eta asihan, koedoe tiloe kali ngaos, geus tangtoe moal soelaja, kersa Dewa Noe Moerba, andjeun pinareng patepoeng, djeung Dewi Wara Soembadra,

170. Pek ajeuna geura indit, didoakeun koe si ejang, noe dito ong sing kalakon", satoesasna ditimbalan, Rahaden Boerisrawa, tjedok njembah amit moendoer, nilar alas Setraganda.

171. Boerisrawa ngahariring, tanda manah eukeur gereh, geus katoong bakal mondong, Soembadra poepoedjan manah, haleuang Boerisrawa, sasambat ka Majangaroem: „Doeh noe lendjang ieu kakang!"

172. Boedjengkeun bae diwarti, djaoeh tjoendoek anggang datang, sareupna geus rada poëk, Raden anom Boerisrawa, soemping ka Madoekara, tras njalingkoer di noe singkoer, lebet taman Madoegonda.

173. Raden teu talangke deui, galantang maos asihan, kenging tiloe kali maos, asihan Pamoeragama, njebar kadia sekar, natas temboes ka kadatoen, ngadjodjo Wara Soembadra.

### SINOM

174. Sinom sigeug Boerisrawa, kotjap noe aja di poeri, di karaton Madoekara, pra garwa Raden Permadi, garwa anoe ka hidji, nami Dewi Majangaroem, Soembadra Bratadjaja, poetra Basoedewa Adji, geulis loeis moestika nagri Mandoera.

175. Harita Wara Soembadra, anjar ngalahirkeun baji, babar koe Ongkawidjaja, Tandjoenganom Plangkawati, nembean tiloe sasih, joeswana teh Abimanjoe, garwa anoe kadoea, Dewi Mintarsah Srikandi, poetra Praboe Droepada Tjempaladirdja.

176. Pangeran poetra Erdjoena, sinareng Wara Srikandi, nembe pisan anjar nikah, teu atjan aja sasasih, kotjap noe doea padmi, henteu sapertos djeung maroe, sabata sarimbagan, lir saderek pet koe hinis, roeket lajeut sakanjeri sakalara.

177. Teu ara pakia-kia, kotjap dina hidji wengi, koesoemah Wara Soembadra, sinareng Wara Srikandi, keur noedjoe goenem warti, hari njaroo sang soenoe, Raden Ongkawidjaja, teu lami Soembadra Dewi, aris manis tras ka Srikandi ngandika.

178. Soanten nandang teresna: „Doeh jaji Wara Srikandi, embok katjida melangna, ras koe Djeng raka Dipati, henteu bedja teu warti, angkatna teh geus saminggoe, ingkar nilar nagara, tatjan bae keneh moelih, da pirakoe ari angkat boeboedjeng mah.

179. Mo'enja kamalinaan, koesabab eta Srikandi, embok teu weleh hariwang, teu weleh inggis koe bisi, risi raka Dipati, pinareng bobor rahajoe, oerang geus moal terang, saha anoe mawa warti, koe sab' eta embok teu weleh salempang".

180. Dewi Srikandi Mintarsih, galindeng alon ngalahir, gensra antra komaraan, tjanteng pertentang raspati, pilahirna sang Dewi: „Tansah dangoe raka ratoe, menggah sanggem raji mah, tong dianggo alit galih, raka Dalem ingkarna prantos ilahar".

181. Kawantos langlang boeana, teu ara betah di nagri, toekang ingkah ngalalana, ngitoeng lemboer milang kori, ngoelik ilmi di Resi, goeroeroe di para wikoe", tjan tamat noe wawarta, Srikandi ka raka Dewi, dengek djerit Bimanjoe nangis ngotjeak.

Teraskeuneun.

# Sinar Pasoendan
**DAGBLAD SOENDA OEMOEM**

LAMBARAN KADOEA — No. 22 TAOEN KA 3
SALASA 29 JANUARI 1935 — 23 SAWAL 1353


## Patarosan

ka djr. A.S. atanapi ka para djr. abonnes.

Koe perantaraan ieu serat kabar moegi para djoeragan-djoeragan kersa mitjeun waktos boeat nerangkeun pertarosan simkoering noe diserat dihandap ieu:

Moegi djoeragan-djoeragan oelah njangka ka simkoering, jen sim koering maksad ngadodja ka para djoeragan-djoeragan, atanapi simkoering api-api teu terang. Sateuatjanna simkoering timpah noehoen ka djrg.-djrg. anoe bade masihan katerangan.

Anoe bade ditaroskeun teh nja eta perkawis „Salat", njoehoenkeun soepados do'a-do'ana noe di serat di dieu, koe para djr.-djr. disoendakeun.

Ka 1. Bismillahirrohmanirrohim, robbia'oedoebika min hamadji sa etoni enz., dibatjana dina oerang bade woedoe.

Ka 2. Allohoemma ini as'aloekalhoema enz, dina ngoembah panangan.

Ka 3. Allohoemmaaini alla tilawati enz, dina kekemoe.

Ka 4 idem arichni rochiatal djanati enz. dina ngingsreuk sareng ngaloearkeun deui tjai.

Ka 5 idem bajjidj enz, dina ngoembah raraj,

Ka 6 idem ätini kitab enz, dina ngoembah panangan katoehoe.

Ka 7 idem anini áoedoebika enz dina ngoembah panangan kentja,

Ka 8 idem gossini birohmatika enz dina ngoembah satengah mastaka.

Ka 9 idem adz-alni minnalladina enz dina ngoembah tjepil.

Ka 10 idem Sabitkadami enz dina ngoembah sampean katoehoe.

Ka 11 idem inni àoedoebika antadjilla enz. dina ngoembah sampean kentja.

Ka 12 idem asjhadoeanlaillaha illaloh wahdahoe lasjarikallahoe dina, saparantosna woedoe.

13. Njoehoenkeun disoendakeun sala-sahidjina Oesali.
14. Fatihah.
15. Koeläoedoe birobbil falaqi enz.
16. Soebhana robil adim wabihamdihi.
17. Samiallahoe liman hamidah enz.
18. Babatjaan aweh salam.
19. Do'a koenoet.
20. Istigfar.
21. Koelhoe.
22. Koeläoedoe birobilnassi enz.
23. Allohoemma ini äs-alaeka salametan fidin waafiatan fildjasadi enz.
24. Allohoemma soli alla sajji dina Moehamaddin wassalim enz. dianggona dina bade oenggah ka Masigit dina bade salat Djoemaah.

Sakali deui sim koering hatoer noehoen ka djoeragan-djoeragan anoe bade masihan katerangan ka sim koering.

Hoermatna poen
Pa' R.

---

Pontianak 24-1-'35.

## „Njaba ka Pontianak".

Sakoemaha anoe parantos diwawarkeun dina ieu s.k. kaajaan di ieu kota, penoelis ngahadja njoesoel deui perkarana Bang Tinggal tea; anoe dipangminggatkeun koe pamadjikanana.

Oge penoelis geus manggih ka terangan ti anoe beunang dipertjaja (politieke reserche), koe hal minggatna eta awewe teh, lain koe djalan ditipoe batoer, tapi koe karepna sorangan, lantaran aja sabab sababna ti anoe djadi salakina (Bang Tinggal).

Penoelis teu bisa nerangkeun sabab-sababna, pangna eta awewe bisa minggat teh, lantaran bareto oge dina ieu soerat kabar anoe djadi salakina teu mere katerangan noe satjoekoepna,

Koe hal eta atoe... oegoeh we sanadjan Bang Tinggal merkarakeun oge, koe pihak politie Pontianak teu bisa ditampa, bisa djadi oeroesan di Batawi, lamoen bener mah eta lalaki arek teroes merkarakeunana.

Tah, koe kadjadian Bang Tinggal kitoe, pamanggih penoelis mah moeng sakieu, sarta dina sawatara powe katoekang, eta awewe ka toet anakna 2, koe Bang Tinggal geus dibawa balik deui ka Batawi.

— — — — — — — —

Waktoe peuting.

Kaajaan dina waktoe peuting di ieu kota, lamoen dipikir-pikir mah katjida matak sebatna saoer meneer Etjle tea mah, sabab ditingaltingalna teh, dina waktoe beurang mah teu sakoemaha ramena anoe ngadon pelesir, boh anoe ngadon balandja ka pasar, lantaran ngingetkeun hawana panas tea, komo ajeuna mah geus saminggoe teu hoedjan deui, teu kawas di Bogor pan sore isoek teh ngirimis bae.

Djalma-djalma di pasar istoening heurin oesik, anoe moendar-mandir noeroetkeun sakaperloean-sakaperloeanana, di hareupeun bioscoop-bioscoop pabalioet, bangsa tanteuh-tanteuh teu tinggaleun, komo koe ajana Opera ti Singapore „ aman Setia Opera" ngaranna teh, poegoeh bae beuki rame.

Ngan handjakal penoelis teu pananggoeran nonton ka eta Opera, ngan bloes bae nonton bioscoop di Capitol, kabeneran filmna rame.

Saboebarna ti bioscoop, penoelis nja teras ka tempat pangan djrekan, sadatang-datang teroes beberes bawaeun balik, lantaran isoekna bade teras balajar deui ka Batawi.

Hoermatna
Abboné No 3220.

---

## Soerat Kiriman
*Loear tanggoengan Redactie)*

TI GAROET

### Agoel doemeh bisa basa deungeun.

Geus djadi kawadjiban pisan oerang Soenda koedoe ngamoemoele kana basana sorangan, geuning tjek anoe palinter tea mah basa teh tjirina bangsa.

Lamoen oerang daek ngamoemoele kana basa sorangan, hidji tjiri oerang teh njaah ka bangsa sorangan.

Komo lamoen oerang nilik kana karangan-karangan noe aja dina Sipatahoenan djeung Sinar Pasoendan, beubeunanganana anoe palinter, istoe resep pisan matja teh, ningal kana rakitannana ketjap djeung basa-basana, teges matak kapintjoet.

Djigana waktoe ieu mah sagala toelisan atawa karangan leuwih aloes koe basa oerang bae, saperti dina soerat kabar noe basana basa oerang (Soenda) sabab saka beh soerat kabar bangsa oerang anoe basana Soenda tangtoe ngan doeng harti rek ngamadjoekeun bangsana (Soenda). Ari kaloloba annana bangsa oerang noe koedoe dipadjoekeun sagala roepana teh, njaeta bangsa oerang noe teu aja kanjahona, Ari noe biasa teu aja kanjaho teh njaeta bangsa oerang noe aja di lemboer-lemboer (di Pasisian).

Meureun lamoen koe basana sorangan mah, saperti koe basa Soenda pirakoe teu ngalartieun, oepama aja pitoedoeh atawa piwoeroek ti anoe palinter teh.

Kapan waktoe ieu mah boro-boro di sisi, sanadjan di tengah oge saperti di kota-kota, masih loba keneh anoe teu ngarti kana basa deungeun, malah djisim koering oge anoe noelis ieu karangan istoe boeta toeli pisan kana basa deungeun teh, oepama manggih noe njelap dina soerat-soerat kabar Soenda aja basa deungeun teh katjida handeueulna doemeh teu ngarti maksoedna, komo meureun bangsa oerang noe aja di Pasisian mah handeueuleunnana teh.

Tah koe lantaran kitoe djisim koering anoe bodo noe teu njaho pisan kana basa deungeun sok maksakeun maneh diadjar toelas toelis dina soerat kabar Soenda maksoedna lain pisan goeminter, atawa bibisaana tapi maksoed teh kieu:

a. Hajang miloe oeloebioeng ngamadjoekeun bangsa sorangan (Soenda).
b. Hajang diadjar kana basa sorangan, doemeh masih loba keneh katoenaan.
c. Ngabantoe doemeh atoh aja soerat kabar basa Soenda.
d. Djeung sadjabana.

Tah sakitoe noe matak djisim koering daek toelas toelis dina soerat kabar teh, djeung sabisa-bisa ka sakoer soerat kabar anoe basana Soenda, sarta eta soerat kabar boga niat rek ngamadjoekeun bangsana, koering sabisa-bisa rek ngamadjoekeun, oge toeli san koering oepama koe djoeragan Redactie masih ditampi moal weleh ngahatoeranan.

Sanadjan hidji djelema di kota Garoet, geus mojok ka djisim koering njeboetkeun Corespondent teu bisa basa Walanda, koering mah moal oenggoet kalindoean, rek teroes digawe sarta ngabantoe, sabab inget kana kawadjiban, djeung ijeu soerat kabar noe koe koering diasoepan teh lain soerat kabar basa deungeun, tapi basa Soenda anoe toelen pisan.

Tjik! djoeragan noe sok mojokan, koering rek nanja, oepama di Padang aja soerat kabar basana Padang, toeloej andjeun djadi pembantoena, naha rek make basa naon? Naha rek make basa Walanda doemeh andjeun pinter basa Walanda?

Djeung sanadjan andjeun ngakoe pinter kana basa Walanda, basa andjeun pribadi tangtoe bae loba kaliroena, komo koering mah noe geus ngangken kana teu bisana, meureun loba seungseurikeuneun andjeun doemeh andjeun sok ngadenge omongan koering noe sa eutik-eutikeun make basa deungeun salah ngepokeunana, doemeh teu bisa tea.

Andjeun djelema ngoembara di Garoet teh; sanadjan andjeun oerang peuntas, tapi djeung koering toenggal bangsa Indonesia, leuwih hade oelah mojok tapi koedoe daek menerkeun ka noe teu bisa.

Djeung bisi andjeun teu njaho, loba Correspondent soerat kabar Soenda anoe teu bisa basa Walanda, lain koering bae, naha bet mojok teh ka koering bae.

Andjeun sok ngasoepan karangan kana soerat kabar Mata hari tjek andjeun, naha dina karangan teh koe basa Walanda atawa koe Malajoe? Meureun sanadjan andjeun djelema pinter basa Walanda oge, ari ngirim karangan mah basa Malajoe bae, da soerat kabarna Malajoe. Komo koering mah da soerat kabar noe dibantoe koe koering teh Soenda, tangtoe bae mentingkeun basa Soenda, sabab koering teh oerang Soenda.

Paingan andjeun mah di Garoet teh sok mentjil bae teu boga sobat, aja boga sobat tara lana, da meureun sok pelekik djeung sok pojokan.

Sirik doemeh euweuh noe daekeun njobat?

Andjeun teh oerang peuntas, boga bodjo oerang Soenda, noe dipojok koe andjeun oerang Soenda deui. Lenjepan koe andjeun naha kira-kirana moal malik ka salira koe andjeun, dipojok di ..... ditampik .....

Dina waktoe andjeun aja anoe merkarakeun toeloej andjeun disaoer ka Katjamatan, tjek bedja mah tina perkara mesin toelis, andjeun di pajoeneun politie geus ngambek kanoe ngadawakeun andjeun, geus wani njeboet, sarta ngahina ka sakoemna bangsa Soenda, malah tjek bedja mah, lamoen henteu kapajoenan koe politie noe ngadakwakeun andjeun oge katjida àm bekeunana, doemeh koe andjeun dihina kabangsaananana.

Koering ngahadja ngaran andjeun teu di tembongkeun, tapi lamoen kaliwat nista mah, andjeun njieun lakoe goreng, ngahina bangsa, tangtoe koe koering ngaran andjeun, rasiah andjeun, di tembongkeun deui.

Saha noe ngadahar oejah tangtoe karasa pangsetna.

Gembrot tea.

---

### Waterleiding dan armenzorg Gemeente Bandoeng.

Zeer geachte Heeren Indonesische leden Gemeenteraad Bandoeng!

Sebeloem terdjadi pilihan leden Gemeenteraad Bandoeng alangkah ramenja campagne dari masing-masing groep dengan roepa-roepa akal oentoek mereboet koersi-koersi dimana raad itoe. Strooibiljetten tersiar dimana-mana, jang mana mempropagandakan candidaat-candidaat itoe dengan memperkemoekakan dari hal ketjakepan dan kebraniannja beliau-beliau dan diberi kesanggoepan bahwa beliau-beliau itoe akan membela pendoedoek kota Bandoeng tentang: waterleiding, tarief G.E.-B.E.O., tarief pasar enz.-enz — bahkan banjaklah kesanggoepanja itoe—dan jang mana pembelaan itoe tiada lain oentoek si Miskin alias si Ketjil.

Marilah kita perhatikan sesoedahnja Gemeenteraan berdjalan dengan leden jang telah terpilih itoe. Dapatlah kita pembelaan atau tidak? atau beloem? atau masih banjak pengharapan? Sebab sampai sekarang bolehlah bisa dibilang terlaloe latjoet apa sebabnja?!?

Disini akan diberi katerangan tjoema 2 roepa sadja, jaitoe tentang waterleiding dan armenzorg.

Waterleiding:

Perohabaran telah tersiar, bahwa berhoeboeng dengan penoeroenan gadjih-gadjih dan Maleise jang hebat ini, tarief aer aken ditoeroenkan. Baik, bagoes, kita tepoek tangan, kalau memang-memang begitoe kedjadiannja?!? Terima kasih! Akan tetapi baroe sadja pengomelan dan perkataan-perkataan jang tidak enak dari beberapa complex (seperti Gempol, Saninten d.l.l.) keloear dari si Ketjil-Ketjil itoe, jaitoe oleh karena merasa tidak senonoh dengan penoeroenan itoe, sebab:

Sebeloem ada penoeroenan, tarief aer itoe ada minimum f. 1,20 dan lebihnja haroes bajar f. 0,15 p. $m^3$

Sasoedah ada penoeroenan, tarief aer itoe ada minimum f. 1.70 [zeventien dubbeltjes] dan lebihnja f. 0,20 (twintig cent) p.$m^3$

Begitoe poela tentang waarborg somnja, dahoeloenja f 2.— (twee gulden) sekarang mendjadi f. 4.— [sekawan roepiah]. bewijs sedia].

Apakah ini penoeroenan tarief waterleiding jang di bela oleh Gemeenteraad Bandoeng?

Achir perchabaran, bahwa penoeroenan itoe memang ada, akan tetapi terlampau „beurat sabeulah" alias tida beres, oleh karena di gedong-gedong jang gede-gede gadjihnja, memang itoe tarief ditoeroenkan, akan tetapi tarief di si Ketjil-Ketjil haroes naek; maksoednja entah bagaimana maoenja?

Harap di perhatikan dan dibela si Ketjil-Ketjil itoe dengan setjara keadilan.

Armenzorg:

Seperti telah dichabarkan, bahwa armenzorg dari Pemerintah sekarang telah dipasrahkan kepada Gemeente, ja itoe berarti, dahwa Gemeente jang mengoeroes boeat membagikannja itoe wang kepada si Miskin-miskin itoe dengan sepenoeh-penoehnja keadilan.

Akan tetapi achir-achir dapat chabar bahwa oentoek mengoeroes pakerdjaan terseboet itoe telah terbangoen satoe commissie, jang mana didalam commissie itoe telah ambil poetoesan dan bermoefakat, bahwa membagikannja itoe haroes dengan satoe atoeran jang commissie itoe tetapkan. Akan tetapi atoeran itoe didengarnja bahkan terlapau ja ..... boeat bangsa Indonesia boleh dibilang ..... dengarnja moesti dengan menangis!? Apa sebabnja?!? Tjaranja -- ka ranja -- itoe atoeran pake perbandingan (verhouding) bangsa-bangsa, dan jang mana verhouding itoe oentoengnja tiada lain oentoek siapeu?.... (Pembatja tentoe bisa kira-kira, sebab tentoenja b o e k a n boeat bangsa Indonesia), malahan kalau kita pihirkan:

a. Berapakah banjaknja bangsa melarat [miskin] bangsa Indonesia di Bandoeng ini, kalau di banding dengan bangsa-bangsa lain?
b. Bagaimanakah keadaanj kemalaratannja bangsa Indonesia kalau dibandingkan dengan kamalaratannja bangsa lain?

Harep lekas ada perobahan, dan sepenoeh-penoehnja keadilan.

Slot.

Heeren, Indonesische leden Gemeenteraad Bandoeng!

De beste stuurlui ....! Ini boekan begini maksoenja, akan tetapi: „d i t z i j n f e i t e n" jang memang betoel-betoel si Ketjil merasa berat dan soesah-pajah Harap dirasainja doeloe, bagaimana keadaan si Ketjil itoe, sebab memang betoel-betoel si Ketjil itoe tida brani bikin protest begini dan begitoe, tjoema pengomelan sadja di blakang.

Malahan seringlah terdengar, bahwa temboeroeannja itoe seperti: „Wah toean itoe siiich djadinja lid Gemeente, asal actie sadja, atau memang meloeloe oentoek meninggikan daradjatnja atau mentjari wang".

Di harep p e m b e l a a n j a dan boekan perdjawabannja toelisan ini!

G. Ranoewisastra.

---


## Moeng kantoen saeutik deui, boekoe:




Enggal ngagaleuh (pesen) bilih kaboedjeng seepeun ka

**Soekrawinata**
Tjiwaringin Tengah
I. V. 268, Bogor.

**H.M. Adiwangsa**
Tjiamisweg No. 48, Tasikmalaja.

**R. Djajadiredja**
Papandajanweg 38
(Tjampaka), Garoet.

## WASIR

AMBEIEN

Penjawat wasir anoe kaloearan getih atanapi henteu, ditanggel tiasa sae dilandongan lebet 15 dinten kalajan zonder di operatie (dibelek).

Oge panjawat: Asthma — Gohgoj ngaloearkeun getih atanapi kosong — medjen — panjawat istri — kentjing manis — panjawat toelang — seueul agen — kepoetian (pikthay) — p a m e g e t anoe kirang k a k i a t a n a n a (peloeh) — sareng sadjabina.

Saneskanten panjawat dilandongan doegi ka sae pisan, z o n d e r o p e r a t i e deui tea.

Moegi djoeragan-djoeragan kersa njobi koe andjeun bae. Pangaos landong-landong direken noe pantes katjida.

Noe ngadjeng-ngadjeng
kalajan hormat:

**Ch. Hardin Tabib**
Soeniaradjaweg 8 A - Tel. 1664 — Bandoeng.

N. B. Landong-landong tiasa dikintoen kalajan Rembours.

## – WASIR –

AAMBEIEN — ASTHMA

Kasehatan badan lebih berharga dari harta banda kita.
Djangan poetoes pengharepan. Tabib Jacob toch bisa toeloeng.

PEMBERIAN TAHOE

Jang bertanda dibawah ini Tabib Jacob asal dari Hindoestan, tinggal di A. B. C. - straat 12 A Bandoeng, dengan ini menerangken bahwa ia bisa semboehken segala roepa penjakit dengan tida dipotong (operatie) seperti: Ambeien, Loempoeh, Bol, Asthma, Intjok Penjakit gindjel penjakit goela, Batoek, Radjasinga, Tuberculose t.b.c, Ezceem, (penjakit koreng, gatel en penjakit koelit segala roepa), prampoean jang tida membawa kotor atawa tida tjotjok atawa ada sakit atawa poetihan. Sakit prampoean kentjing nanah. Penjakit mata Lepra. Dysenterie dan semoea penjakit lainnja. Bisa didapet roepa-roepa obat koeat boeat orang lelaki. Bisa semboehken segala roepa penjaki dari saja poenja obat jang terbikin dari akar akar, daon-daon dan boeah-boeah, sebab saja soedah bertahoen-tahoenan ada practyk, dan saja soeka dapet banjak soerat poedjian dari segala bangsa siapa soeka boleh dateng boeat saksiken sendiri, dan siapa soeka boleh panggil didalem atawa loear kota dan sanggoep mengirim Bestelgoed Rembours.

Memoedjiken dengen hormat, TABIB JACOB
A. B. C. straat 12A — Bandoeng — Telf. 1091

TUBERCULOSE T. B. C.

---

NEMBE PISAN DIBOEKA:

## TOKO „DIANA"

DI POENGKOERWEG 2 —:— BANDOENG.

Ngitjal roepi-roepi Sapatoe, Selop, Sendal, Taroempah, Kopeah sareng roepi-roepi deui barang saroepi ti eta.

Oge sajagi roepi-roepi barang batikan, toer pangaos kalintang mirahna, noemoetkeun kana kaajaan djaman.

Oemapi para djeragan istri-pameget balandja ka Toko noe kasebat di loehoer, ditanggel 100% njoegemakeun.

Enggal saroemping!!!

---

## Instituut Karang Kepoetran

Pemboekaan Augustus 1935

Menerima moerid-moerid oentoek di Kepatihanweg 4, Residentsweg, Riouwstraat [Tjihapit].

Boeat:

H. I. S. dan Schakel pagi djam 7.30 — 1 Kl. I — VII
H. I. S. dan Schakel sore djam 1.30 — 5 Kl. I — VII
Sore adakan: K.E. —, A.B.C. —, Bureau —, Landbouw dan Handelscursus.

Goeroe-goeroenja semoeanja poenja bevoegdheid, di antaranja seperti poenja Hoofdacte.

Pembajaran boeat semoea sekolahan dan cursus boleh berdami dan tanja keterangan moelai sekarang pada:

I. K. K. Kepatihanweg No. 4.
Pangeran Soemedangweg No. 49.

---

MALAISE TINGGAL MALAISE

Kasehatan badan ada lebih berharga dari pada wang
Ini dia roemah obat jang selamanja ada sedia obat mandjoer dan moestadjab. Kaloe tida oeang dapat kombali.

## G. M. Sjech Amanat Sahib

KEBON DJATIWEG 114, FABRIEK KOFFIE — BANDOENG

Saja bisa mengobati segala penjakit zonder potong atau operatie bakar baek dalam atau diloear badan, jang masi baroe ataupoen jang soedah lama, baik anak-anak atau orang toewa, saperti sakit Bawasir, Aambeien sakit Kentjing, sakit Prampoean, Mengi, Medjen, sakit Gigi, sakit Mata, oeloe hati, laki-laki jang soedah ilang tenaga kering, Napas sesak, oeloe hati, laki-laki jang soedah ilang tenaga koerang sahwat, prampoean jang keloear kotoran boelanan tida tjotjok atau keloear kotoran poetih dan banjak lain-lain penjakit terlaloe soesah boeat diseboetkan disini.

254

## HARGA OBAT-OBAT

**Poeder ramboet item f 0.75** Boeat dihitamkan ramboet, goena boeat orang toea, kelihatan moeda gagah, toea mandjadi moeda, kalau tida djadi itam boleh kasi kombali wang.

**Minjak adjaib f 0.50** Boeat sakit kepala poesing, sakit peroet, sakit hoeloe hati, dada sesak, sakit gigi, sakit angin, ini oba boleh makan, boleh gosok dimana ada sakit didalem 1 menit tahoe rasa. Boeat orang besar 2 tetes, boeat anak-anak 1 tetes.

**Telsam f 0.50** Boeat sakit kepala poesing atau sakit kepala setengah, ini obat bisa bikin baik begitoe matjam penjakit dalam 2 me serta ini oba bisa bikin baik sakit pilek of salesma.

**Obat mata f 0.50** Ini obat goena boeat mata kaboer, mata merah dan mata jang keloear aer kotor.

**Obat tjahja Joesoep f 1.25** Ini obat bisa hilangken djerawat dari moeka. Ini obat bisa hilangken hitam dari moeka. Ini obat bisa lemasken dan litjinkan moeka. Ini obat kalau tida toeroet seperti di atas boleh kasih koembali oewagn.

Make the white tooth same pearl boeat tjoetji bersih gigi f 0.50 Saboen hilangken ramboet f 1.— Zalf boeat koerap f 1.— Shampon obat boeat bersihken ramboet f 0.50. Obat Atshma f 2,50-f 1.25, Obat ramboet pandjang f 1.— Ramboet krinting f 1.— Sirop Himalaja, boeat prampoean tida dapet kotoran tetep of kotoran poetih harga f 25.—, Sirop Atshma, boeat sakit sesak nafas mengi harga f 25.—

Roemah Obat diboeka saban hari dari djam 8 pagi sampe djam 8 malam. Djoega bisa dipanggil ke roemah, priksa penjakit zonder ongkos asal sadja bajar ongkos trantsport.

Dan toean-toean en njonja-njonja jang diloear kota djikalau perlor pakai obat dari saja, bisa dapat dengan rembours asal kasi terang penjakit dan oemoer dan adres jang terang, dan djoega diminta kirim voorschoe f 2,50 nanti obat saja kirim dengan Rembous.

---



## FOTOGRAAF

## SINAR STUDIO

SIANG DAN MALEM

TJIKOEDAPATEUH No. 208 — DEPAN PASAR KOSAMBI BANDOENG.

### KABAR PENTING

Sengadja boeat bikin senang sekalian pendoedoek boeat potret 30 pCt. korting. Dari harga biasa.

Toean-toean en Njonja-njonja jang terhormat!

Kalau Toean en Njonja membikin afdruk di toko saja boeat teharga f 2.— toean nanti dapat satoe vergrooting dengen GRATIS boleh panggil potret di roemah atawa onderneming, djoega sdima bikin betoel toestel-toestel. Harap toean en njonja soekalah rateng boeat tjobain kita poenja kerdjaan, ditanggoeng bagoes

Pasfoto's 3 stuk f 0,50 Potret



PRIJS AFDRUK

| | | |
|---|---|---|
| 3X4 | Per st. | f 0.02 |
| 4X6½ | . . . . | 0.02⁵ |
| 6X6 | . . . . | 0.02⁵ |
| 6X9 | . . . . | 0.03 |
| 6½X11 | . . . . | 0.05 |
| 9X12 | . . . . | 0.06 |
| 8X10½ | . . . . | 0.06 |
| 8X14 | . . . . | 0.10 |

Prijs Vergrooting landschap

| | |
|---|---|
| 6X9 | 0.10 |
| 9X12 | 0.15 |
| 13X18 | 0.30 |
| 18X24 | 0.60 |
| 24X30 | 1.— |
| 30X50 | 2.— |
| 50X60 | 3.50 |

SINAR STUDIO
TJIKOEDAPATEUH 208
BANDOENG

Sedia roepa-roepa rolfilm en packplaten.

HARGA MOERAH

---

## Loterij artos

Loterij Beureum Hoofdprijs f 100.000 anoe kenging 267 prijs-prijs.
Lotery Bodas Hoofdprijs f 50.000 anoe kenging 562 prijs-prijs.
Hojong beunghar? Kintoen artos per postwissel, 1 lot f 11,75 ½ lot f 6,10 ¼ lot f 3,50

Aannemers Bureau
— D. SIHOMBING & Co. —
Kebon Djatiweg 5 — Tel. 2185
BANDOENG.
—o—

N.B. Salamina nampi padamelan: Ontwerpen, uitvoeren, Herstellen boemi alit sareng ageung, Toko, Kantoor, Fabriek, Hotel, Schoolgebouw s.d.t.

---

## PREANGER Chemicalienhandel

TASIKMALAJA

Ada sedia roepa-roepa minjak wangi, dan lain-lain dari:

| | |
|---|---|
| Khasana | Mury |
| 4711 | Cutex |
| Ponds | Boldoot |
| Yardley | Li |
| Sherk | Silvikrin |
| Coty | Stacomb |
| Colgate | Piver |
| Dralle | Lavenor |
| Houbigant | Myrurgia |
| Dr Rado | etc: |
| Lentheric | |

---

## Sinshe So Sok Ping

Tempat trima tetamoe di
GARDOE - DJATIWEG No. 47
BANDOENG.
—o—

Bisa semboehken penjakit terseboet dibawah.

Roepa-roepa penjakit jang aneh
Penjakit Zenuw atawa gila.
Penjakit Pektaij dan tida boenting
Kentjing manis.
Loear dan dalem wasir.
Roepa-roepa penjakit orang Prampoean, penjakit anak-anak.
Penjakit Syphilis (Radja Singa)
Batoek darah dan laen-laen penjakit batoek.
Bercerte atawa piansoei.
Penjakit Sekhong d. l. l. penjakit kena angin.

---

Rijwiel en Motor Reparatie Atelier

## „DJERAL"

VAN SOERABAJA

Lengkong Sasakgantoeng 49
Bandoeng

Sanggoep membikin betoel segala keroeksakan Motorfiets, pakerdjaan ditanggoeng sampe baik. Dan sedia djoega Onderdeelen dari: Motorfiets American dan Europa Motor. Dan lain-lainnja Onderdeelen baroe dan tweedehansdch.

Memoedjikan dengen hormat
190 DJERAL.

---

## Tasikmalaja — Bandoeng

VIA

## Tjiawi en Garoet.

boeat pesiar dan pengangkoetan barang-barang djangan loepa pakelah:

Autobusdienst „Tjap Matjan"

---

NGALEBETKEUN

Advertentie kana SINAR PASOENDAN
SEUEUR HASILNA - AGEUNG HARTOSNA

---

## Hindoe Tabib T. Mohamad

Katja-katja Wetan didepan Pasar Kosambi No. 218 Bandoeng.
Bijkantoor TABIB M. H. A. KHAN. Handelstraat 154. — Buitenzorg

Memberi taoe:

Oewang bisa kembali

Specialist Ambei dan Impotentie (Peloeh) zonder operatie

Tanggoeng bisa baik dalem 15 hari, kaloe tida baik wang kombali.

Djoega bisa mengobati roepa-roepa penjakit, seperti penjakit: Sakit kentjing manis, Rheumatiek (sakit lince-linoe atawa badan mati separo), sakit mata, sakit batoek basah atawa kering, sesek napas (Asthma), sakit kapoetian, sakit gigi, sakit beri-beri, koreng segala roepa, atawa gatel-gatel, kentjing nanah [Genouria], sakit prampoean (Syphilis) dan lain-lain penjakit, seperti perampoean tida bisa boenting, bisa mengobati sampe boenting.

DJAM BITJARA: dari djam 8 pagi sampe djam 8 malem

N.B.
**World Paradise Oil** Ada seroepa obat pelesir boeat orang laki-laki nanti bisa memberi kesenangan jang loear biasa. Harga dari 5 gram f 1.— dari 10 gram f 1,70.

Obat-obat bisa dikirim dengen Rembours.

---

## Poetri-poetri tangtos kirang sae

Sanaos dipoepoek poepoer kandel, namoeng kirang sari, oepami rarajna karadak, namoeng

„BEDAK VIRGIN"



nanggel, — raraj tiasa djadi lemes, sari toer tjahajaan.

Dianggona raos — oepami teu bae matak ngoegemakeun toer taja hasiatna, artosna tiasa diwangsoel deui.

HASIATNA:

Sakali nganggo, parantos karaos kasaeannana 3 doegi ka 7 kali, nembe djadi saksi kana hasiatna.

Kenging ngagaleuh dimana-mana.

Keur itjaleun deui tiasa ngagaleuh ka:

**N. V. Handel Mij. „KIAN GWAN"**

Soerabaja - Semarang - Djocja - Solo - Batavia
Makassar - Palembang - Singapore.

---

## Rasa era noe aja bandingannana



Sabab dina beungeut djeung beuheung loba noe tarotol koe tjeda-tjeda.

Ieu teh kabeh oge taja lian sabab oeroet panjakit SYPHILIS anoe memang katjida maradjalelana dina getih djalma noe ka erap eta panjakit.

Tapi




**914 Tablet**

Engke noe baris ngabasmi eta panjakit.

Sabab ieu tablet mah asoep kana sagala bagian noe pang djerona, tina oerat-oerat getih. Bisa asoep ka djero oerat-oerat getih tempat tjitjingna eta panjakit anoe koe sedjen-sedjen oebar mah tara bisa bisa katepi

**914 Tablet** Tangtoe njapoe bersih eta panjakit.

Tapi

Leuwih hade didjaga samemehna, njaeta oepama aja tanda anoe mimiti, gantjang dahar bae ieu tablet, oelah ngadahar sedjen-sedjen oebar anoe he e bisa nanggoeng 100 pCt. kana tjageurna.

Hargana 1 botol anoe eusina 40 tablet 1.—
Salosin f 10.—

Oepama di djalan karaos keuna koe panjakit njeri kiih, kiih getih, twitjing atawa gonorhen kedah enggal toeang

**Santali Anticonol**

Ieu hidji oebar anjar anoe katjida matihna pikeun ngabersihan nanah-nanah djeung koetoe-koetoe noe aja dina djalanna tjikiih. Asal enggal bae toeang ieu pel.

**Santali Anticonol**

sabab ieu mah henteu ditjampoeran minjak Sandalwood, djadi henteu ngaganggoe kana napsoe barangtoeang, sapertos oebar-oebar anoe sanes.

Hargana 1 botol noe dieusi 20 pel f 1,— Salosin f 10.—

Tiasa ngagaleuh ka sakoer Roemah Obat Tiong Hoa taawa pesen koe andjeun ka

HOOFD AGENT

**Medicyn Import Sam Tak Co.**

184 Tjantian No. 111 — Soerabaja.

---

**F 1.50** oepami dianggo borak-borak, achirna matak kadoehoeng! Namoeng saoepami dikintoenkeun ka Adm. „Sinpas", hartosna sami sareng ngawoewoehan kabeungharan manah, anoe langkoeng-langkoeng berharga manan hargana!

PERPUSTAKAAN NASIONAL REPUBLIK INDONESIA